## Цыхухэм Іуэхутхьэбзэхэр тыншу хузэфІахын папщІэ

2-нэ нап.

## Зи псалъэр пэж, зи хъэтІыр лъэщ

3-нэ нап.

## Аутизмыр сыт къызыхэкІыр?

3-нэ нап.

## «Спартак-Налмыкыем» и хьыринхэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№67 (24.505) ● 2023 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 6 гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

## Япэ итхэм я зэщІэхъеныгъэ

4-нэ нап.

# Иджырей мардэхэм изагъэу

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ видеоэпыщ1эныгъэ Іэмалхэм тету иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ Къбр-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

КЪУЛЫКЪУЩІЭХЭР тепсэлъыхьащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр 2023 гъэм гъэзэщІа зэрыхъуам. Абы и лъэныкъуэкІэ къэралым щыщыІэ щытыкІэм зэІущІэм хэтхэр щигъэгъуэзащ УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Любимовэ Ольгэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, 2019 гъэ лъандэрэ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу уардэунэ щэ бжыгъэхэр зыхуеят хуагъэзэжащ, щІэуэ куэд къызэІуахащ, иджыблагъэ Налшыкри Щэнхабзэ зыужьныгъэмкІэ центрым лэжьэн щыщІидзащ.

2023 гъэм мы Іуэхум сом мелуни 135-рэ трагъэкІуэдэну яубзыхуащ, а ахъщэм республикэм и мылъкуу хилъхьэнущ сом мелуни 10,5-рэ.

Зыхуей хуагъэзэжынущ Уэрэрдж, Ислъэмей, Терекскэ, Приближная дзт щэнхабзэмкІэ унэхэр, Налшыкрэ Прохладнэрэ дзт гъуэзджэмкІэ сабий унэхэр. Абыхэм лэжьыгъэр и чэзум щокІуэкІ.

А псом къищынэмыщІауэ, Налшык, Кыщтэк, Къэшхэтау, Нартан дзт библиотекэхэр иджырей мардэхэм изагъэу яуухэнущ. Апхуэдэуи Лъэпкъ музеймрэ Шэджэм районым щыІэ Тхыдэ-лъэхэкуэ музеймрэ гъагъэщІэрэщІэнущ.

«Творческэ цІыхухэр» федеральнэ проектым ипкъ иткІэ, мы гъэм къуажэ щэнхабзэмкІэ унэхэм нэхъыфІу щылажьэ цІыхуитІым къэралыр ядэІэпыкъуащ. Апхуэдэ гулъытэ ягъуэтащ Ново-Полтавскэ къуажэм дзт щэнхабзэ-нэгуэгъэужьыІэ центрым, Безенги, Къамлыкъуэ, Урыху дзт щэнхабзэмкІэ унэхэм. Творческэ гупхэм я фестивальзэпеуэм щытекІуахэу Прохладнэ къалэм щыщ «Ассорти» къэфакІуэ ансамблымрэ Лэскэн районым щыщ «Бикар» гупымрэ грантхэр къахьащ.

## Щапхъэщ унагъуэ быдэр

*КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Іуэхущ1апІэхэм къызэратамкІэ*

**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Лэжьыгъэм, жылагъуэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхухэмкі и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэрыр зригъэцІыхун Іуэхум щыпищащ Іуащхьэмахуэ щыналъэм. ЕтІуанэ махуэм лІыкІуэ гупыр екІуэлІащ Бедык къуажэм щыщ Ахматовхэ я унагъуэшхэм.**

ЗЭГУРЫІУЭ-зэдзэпсэу Ахматовхэ Эльдаррэ Анжелэрэ сабибгъу япІ: хъыджэбзихэр щІалищрэ. Нэхъыжьхэм лэжьэн щІадзакІэщ, нэхъыщІэхэр иджыри йоджэ, ауэ дэтхэнэ зыми адэ-анэр зыгъэгуфІэн екъулІэныгъэ иІэщ.

Эльдар Магомет и къуэр - уней хьэрычэтыщІэщ. Анжелэ Хъызыр и пхъур сабий пІынымрэ лъапсэм илъ лэжьыгъэмрэ пэрытщ, нэхъыжьхьэм къыбГэдаха хабзэхэр сабийхэм яхипщэным йолІалІэ. 2022 гъэм «Анэ лІыхъужь» щІэ лъапІэмрэ абы хуэфащэ орденрэ зрата, Урысейм щыщ цІыхубзибгъум яз хъуащ Анжелэ.

Хьэщ1эхэр унагъуэм еблагъэри, узыІэпишэу зэлъыІуха хьэщІэщым бысымхэм щеуэршэрылІащ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ хьэщІэхэм гу лъаригъэтащ зэрыхьа Ахматовхэ я лъапсэм илъ хуабагъымрэ гуапагъымрэ икІи я сабийхэр апхуэдэу фІыуэ зэрагъэсам папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

- Унагъуэр псомкІи лъабжьащ, Хэгъэгуми ди республикэми лъэ быдэкІэ щыт, гъэзгу захуэм тет, зэгурыІуэ-зэдзэужу псэу унагъуэ нэхъыбэ исыху, ди къэралри нэхъ лъэщ хъунущ. Дэ фэркІэ догушхуэ, сабий тельыджэхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ зэрывгъэсам папщІэ, фІыщІэ фхудощІ. Ар лэжьыгъэшхуащ, ауэ фэ ар нэгъэсауэ фогъэзэщІэфри, абы щхьэкІэ ди щхьэр фхудогъэщхь! - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Лэжьыгъэм, жылагъуэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхуэхмкі комитетым и унафэщІ Нилов Ярослав къыхигъэщащ мыпхуэдэ унагъуэхэр щІалэгъуэлэм щапхъэ яхуэхъун, ахэр телевидеэмкІэ къэгъэлъэгъуэн зэрыхуейр.

- Мы унэм хьэщІэхуфІ цІыху гуапэхэр щопсэу. Анэр - адыгэщ, адэр - балъкэрщ, лъэпкъ зэхэгъэжи щызекІуэрэкъым. Мыпхуэдэ унагъуэ быдэм къыщІхъуа сабийхэм ягъэлъэпІапхъэр щалэт, гъащІэми пэжу хущытщ. Аращи, абыхэм ятепсэлъыхьын, я зэхущытыкІэр утыку кьихьэн, чэнджэщ къеІыхьан, зэгурыІуэм и щэхуэр кьабГэздэкьин хуейщ. Нобэ абы мыкьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ Ниловым.

Комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ Цунаевэ Еленэ тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу унагъуэшхуэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэм:

- Уи гуапэ мэхъу къэралым и къалэшхуэхэм я мызакъуэу, щІналъэхэми апхуэдэ Іэмалхэр кьызэрагъэщхьэпэфыр. Дэ дольагъу унагъуэр зэрыгъэсыпыфІэр, сабий нэхъыжьхэм щІэныгъэ нэхъыщхь зрагъэгъуэтащ, нэхъыщІэхэр гъэзгу захуэм тетщ, Инэу кІэ дащогуфІыкІ мы унагъуэм. Гъэмахуэ псом дрикъунущ мыбыхэм ксытхалъхьа къарур! Апхуэдизу дахагъэ, гуапагъэ, апхуэдизу цІыхуфІ тлъэгъуащи, дыщІэпсэуни дыщІэлэжьэни диІэщ.

Зэщ1эхэр Іэнэщ1у екІуэлІакъым Ахматовхэ я унагъуэм. Ноутбукрэ Іэфыкіэ зэмылІэужьыгъуэхэмрэ тыгъэу хуздахьащ.

Ахматовхэ я унагъуэр фІыкІэ къиГэзэІэбжьат апхуэдэ тыгъэм икІи хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ гулъытэрэ щІэгъэкъуэнрэ зэрыщамыгъащІэм папщІэ. Анжелэ унагъуэ насыпым и щэхумкІэ къадэгуэшащ хьэщІэхэм:

- Сэ сызэрегупсысымкІэ, сабийр къэзыгъэбжьат апхуэдэ тыгъэм икІи хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ гулъытэрэ щІэгъэкъуэнрэ зэрыщамыгъащІэм папщІэ. Анжелэ унагъуэ насыпым и щэхумкІэ къадэгуэшащ хьэщІэхэм:

- Сэ сызэрегупсысымкІэ, сабийр къэзыгъэбжьат апхуэдэ тыгъэм икІи хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ гулъытэрэ щІэгъэкъуэнрэ зэрыщамыгъащІэм папщІэ. Анжелэ унагъуэ хуэбгъэзэну нэхъ гугъат, ауэ лъэ быдэкІэ дыува нэужь, ди бын нэхъыжьхэр кьыдпэІэпыкъуащ, ахэр нэхъыщІэхэм щапхъэ яхуэхъужащ. Къэралым зыкъытщІегъакъуэ, унагъуэшхэм дэІэпыкъуэгъу яхуохъу мылъкукІэ.

Зэ1ущ1эм и кІэм Парламентым и лІыкІуэхэр Ахматовхэ екъуэхъущ я унагъуэм узынщагъэ быдэ, берычэт, насып илъу илъэс куэдкІэ псэуну.

# Іуащхьэмахуэ» университетым и япэ лъэбакъуэхэр

**Пятигорск щыІэ «Мэшыкъуэ» щІэныгъэ центрым и «Іуащхьэмахуэ» корпорацэ университетым и япэ егъэджэныгъэ программэр щаублащ. Зи щІналъэ проектыр «Мэшыкъуэм» япэу щызыІэгъэщІэ хэгъэгущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэхъыхьэм хэтхэм екъуэхъуащ лэжьыгъэ купщІафІэ яІэну икІи еджэныгъэм екъулІэныгъэхэр щызэІэрагъэхьэну.**

ЗЭІУЩІЭР къызэрызэІуахым иращІэкІа махуэшхуэм къыщыпсэлъащ «Мэшыкъуэ» центрым и унафэщІ, «ЩІэныгъэ» урысей зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ **Серик Антон**, РАНХиГС-м и къудамэу Кавказ Ищхьэрэм щыІэ институтым и директор **ЛІыс Азэмэт**, Урысейм и щІалэгъуалэм я союзым и тхьэмадэ **Красноруцкий Павел**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и Аппаратым и лІыкІуэхэр.

Программэм и кІалэнщ къэрал, муниципальнэ Іэнатіэхэм пэрытхэм я Іэзагъэм хэгъэхъуэныр, администрацэхэмрэ министерствэхэмрэ цІыхухэм драгъэкІуэкІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр. Зэхьхьэм хэтщ кьуажэ администрацэхэм я унафэщІу, район муниципалитетхэм я лэжьакІуэу 70-м щигъу. Центрым и Іэщ1агъэлІхэм ахэр хуагъэсэнущ гупым хэту лэжьэным, зыпэрыт Іуэхур убзыхуауэ кьызэрэгъэпэщыным, республикэм и цІыхухэм я щхьэпагъ хам, зыхуигъэувыж кьалэнхэр сыт щыгъуи зыхуей хуэзэу зэригъэзащІэм езыми зыщыщ хэгъэгуми екъулІэныгъэ куэд къыхухьащ.

Адыгэ Республикэр жыдэжру хэтщ федеральнэ программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ, Урысейм къыщрахьэжьэ Іуэхуэхэр жану щызэфІах, бгъэдэлъ бегъуэхэмкІэ къэралым щынэхъ лъэрыгэхьэхэм ящыщщ. КъумпІыл Мурат и нэІэ тетщ экономикэм зегъэужьыным, цІыхухэр зыгъэпІейтейхэр зэфІэхыным, абыхэм сыт и лъэныкъуэкІи ядэІэпыкъуным теухуауэ щыІэ Іэмал псори къэгъэсэбэпыным.

КъумпІыл Мурат Къэралбий и къуэр 1973 гъэм мазаем и 27-м АР-м и Красногвардейскэ районым хьихьэ Улап къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт 9-нэ курыт еджапІэр, ныкъуэ нэужь, Дон Іус Ростов Щ1ыхубэ хозяйствэмкІэ дэт институтыр 1994 гъэм къиухащ.

1993 гъэм и бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ 1994 гъэм и бадзэуэгъуэ пщІондэ Дон Іус Ростов щыІэ «Проагрос» хозяйственнэ ассоциацэм щылэжьащ. 1994 гъэм щегъэжьауэ Федеральнэ казначействэм и Краснодар гвардейскэ къудамэм ревизор-контролеру щыІащ.

1998 гъэм АР-м щыІэ Федеральнэ казначействэм и управленэм и Краснодар крайскэ район къудамэм и Іэтащхьэу яГэуауащ. 1999 гъэм Налогхэмрэ ар къыхэхьынымкІэ УФ-м и министерствэм и инспекцэу Красногвардейскэ районым щыІэм и унафэщІщ, 2002 гъэм щыІэ АР-м щыІэ ИФНС №1-м и унафэщІым и къуэдзэщ, 2002 гъэм дыгъэгъазэм я Іуэхущ1апІэм и унафэщІ мэхъу.

2008 гъэм и мэлыжьыхьым КъумпІыл Мурат АР-м и премьер-министрым и къуэдзэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ игъэзэщІэну пщэрылъ щащІащ, мазэ дэкІри, АР-м и Президентым и унафэкІэ премьер-министр къулыкъум пэрагъэуващ.

2016 гъэм и фокІадэм КъумпІылыр хахащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и депутату, фокІадэм и 3-м щегъэжьауэ Къэрал Совет-Хасэм и унафэщІу щытащ.

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.**
*Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист.*

● Хъыбар гуапэ

# Къэралым и гулъытэ лъагэ

**Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ Къумпылы Мурат иджыблагъэ къыхуигъэфащащ IV нагъыщэ зиІэ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр, АР-м и социально-экономикэ зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам къыхэкІыу.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и дамыгъэ нэхъыщхьэхэр зыхуэфащэхэм щратыж зэІущІэр тхьэмахуэ кІуам Кремлым щекІуэкІащ. Къумпылым къэрал Іэтащхьэм фІыщІэ хуищІащ и лэжьыгъэм игъуэта гулъытэ лъагэм папщІэ икІи дяпэкІи Адыгейм зиужьын, цІыхухэм я псэукІэр ефІэкІуэным теухуауэ лъэкІ къызэримыгъэнэнур жиІащ.

Къумпылы Мурат илъэс еханэ хъуауэ пэрытщ жэуаплныгъэ зыпылъ къулыкъушхуэм. 2017 гъэм щІышылэм и 12-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкІэ, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр абы пІалъэкІэ игъэзэщІащ, 2017 гъэм фокІадэм и 10-м АР-м и Къэрал Совет-Хасэм и депутатхэм Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу хахащ. Альпандэрэ республикэм и экономикэм хэпщІыкІыу зиужьащ, Адыгейр щІыпІэ куэдым къыщащІыху хэгъэгу хъуащ, Мейкъуапэ и теплъэм куэдкІэ зихъуэжащ, урысейпсо рейтингхэм япэ иту къагъэлъагъуэ щІыналъэхэм ящыщщ ди къуэш республикэр. Ар зи фІыщІэр, дауи, республикэ Іэтащхьэрэ. Абы и Іэху бгъэдыхьэкІэм, Адыгейм исхэр зэрыхуэарэзым, и цІыху щыкІэкІи и лэжьыгъэкІи жылагъуэм зэрахуэзыгъэхэр зыхуей хуагъэзэжащ, щІэуэ куэд къызэІуахащ, иджыблагъэ Налшыкри Щэнхабзэ зыужьныгъэмкІэ центрым лэжьэн щыщІидзащ.

2023 гъэм мы Іуэхум сом мелуни 135-рэ трагъэкІуэдэну яубзыхуащ, а ахъщэм республикэм и мылъкуу хилъхьэнущ сом мелуни 10,5-рэ.

Зыхуей хуагъэзэжынущ Уэрэрдж, Ислъэмей, Терекскэ, Приближная дзт щэнхабзэмкІэ унэхэр, Налшыкрэ Прохладнэрэ дзт гъуэзджэмкІэ сабий унэхэр. Абыхэм лэжьыгъэр и чэзум щокІуэкІ.

А псом къищынэмыщІауэ, Налшык, Кыщтэк, Къэшхэтау, Нартан дзт библиотекэхэр иджырей мардэхэм изагъэу яуухэнущ. Апхуэдэуи Лъэпкъ музеймрэ Шэджэм районым щыІэ Тхыдэ-лъэхэкуэ музеймрэ гъагъэщІэрэщІэнущ.

«Творческэ цІыхухэр» федеральнэ проектым ипкъ иткІэ, мы гъэм къуажэ щэнхабзэмкІэ унэхэм нэхъыфІу щылажьэ цІыхуитІым къэралыр ядэІэпыкъуащ. Апхуэдэ гулъытэ ягъуэтащ Ново-Полтавскэ къуажэм дзт щэнхабзэ-нэгуэгъэужьыІэ центрым, Безенги, Къамлыкъуэ, Урыху дзт щэнхабзэмкІэ унэхэм. Творческэ гупхэм я фестивальзэпеуэм щытекІуахэу Прохладнэ къалэм щыщ «Ассорти» къэфакІуэ ансамблымрэ Лэскэн районым щыщ «Бикар» гупымрэ грантхэр къахьащ.

# Фэеплъ мыкІуэдыжыр яхъумэ

**УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым и лІыкІуэ гупымрэ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ удз гъэгъахэр тралъхьащ Іуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума лІыхъужьхэм я фэеплъу Терской дэтым.**

ХэКУ зауэшхуэм и лъахъэнэм Кавказ Ищхьэрэр ирубдауэ щытащ биидзэм. 1943 гъэм и пэщІэдзэм Іуащхьэмахуэ лъапэ къыдахужащ фашистхэм я «Эдельвейс» гупыр.

Совет армэм и зауэлІхэм Іуащхьэхэм быдзу зыщІахъумэрт, кавказыбгъэр къэзыщтэну зи гугъа бийм и мурадыр Іэщ1ауду. 242-нэ дивизэм щыщ дзэ альпинистхэр щІымахуэм Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІуейри, фашистхэм я ныпхэр къыхачыжауэ щытащ. Абы совет сэлэтхэр щэ бжыгъэкІэ хэкІуэдащ, ауэ къэнахэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу яхъумащ ди лъахэр.

- Іуащхьэмахуэ лъапэ дыкъэсауэ, Кавказыр зыхуэмазэм я фэеплъу бгыпІэ щІыпІэм щылэм дыкъыІумыжьхэн тлъэкІакъым. Іэщэ яІэщІэлъу уафэ кьащхьэр тхуэзыхъума псоми я фэеплъыр зэи кІуэдынукъым. Псэужу нобэ кьытхэт ветеранхэм узынщагъэ быдэ Тхьэм кьарит! Нобэ тхьідэр кьратхьэкІыжьну зрапщыт, ауэ ветеранхэм кьыдэкІуэтей щІэблэм жраІэж хъыбархэр сэбэп мэхъу тхьідэ фэеплъыр тщымыгъупщэу тхъумэнымкІэ, - жиІащ Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым и унафэщІ Нилов Ярослав.

- Ди щхьэр хуэдгъэщхъ Іуащхьэмахуэ зыхъумахэм. Фэеплъым тетха цІэунэцІэхэр щІэблэ кьэхъум иджыри куэдрэ ягу илъынущ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ.

Депутатхэр дакъикъэкІэ щыгъуа нэужь, уд Іэрамэхэр фэеплъым тралъхьащ.

ХъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм защыхуигъазэм Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым и унафэщІым и япэ къуэдзэ, «Поисковое движение России» зэщІэхъеныгъэм жэуап зыхь и секретарь Цунаевэ Еленэ Іуащхьэмахуэ районым, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фІыщІэ яхуищІащ Хэку зауэшхуэм и лІыхъужьхэм я фэеплъыр апхуэдэу егупуу эрахъуэм папщІэ.

Зэ1ущ1эм ирагъэблэгъат «Юнармия» урысейпсо дзэ-хэкупсэ зэщІэхъеныгъэм и щІыналъэ къудамэм хэтхэр.

## «Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщІэ

2023 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм щІэджыкІакІуэхэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманым щІидзащ.«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащІэ - ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:
унэм ныфхуахьу фыхуеймэ - сом 819-рэ кІэлпейкІэ 90-рэ;
фэ езым пощтым кьыщыфщтэжьынмэ - сом 745-рэ кІэлпейкІи 2-рэ.

Ди индексыр П5894

# ЦІыхухэм Іуэхутхьэбзэхэр тыншу хузэфІахын папщІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым мы мазэхэм щыІащ УФ-м и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Іэухухэмкіэ и комитетым и Іэтащхьэ Нилов Ярослав, УФ-м Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкіэ и фондым и унафэщІ Чирков Сергей, УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ-статс-секретарь Пудов Андрей сымэ зи пашэ лЫкІуэ гуп**.

МэкЪУАУэГЪУЭМ и 2-м КЪБР-м и Правительствэм щрагъэкІуэкІа «стІол хъурей»-р теухуауэ щытащ 2022 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдагъэкІа «Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкІэ фондым теухуауэ» Федеральнэ Законым къыщыгъэлъэгъуэкэр щыналъхэхэм зэрыщагъэзащІэм.

Абы хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, УФ-м и Къэрал Думэм и ПлькІуэкэр, республикэм и базэбзэкіуэ орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, КЪБР-м и Правительствэм хэтхэр, щыналъэм социальнэ Іуэхуэхмкіэ и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

Мусуков Алий хьэщІэхэм ФІыщІэ яхуищІащ зэІуищІэр ди республикэм щрагъэкІуэкІыну къызэрыхахам пащІэ, апхуэдэуи къыкІэтъэщащ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэми иджы зэгуагъэхьэжа социальнэ фондми сыт щыгъуи Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ къызэрыхуащІыр зэрагаупэр.

Нилов Ярослав жиІащ комитетым хэтхэр республикэм ипхъэситху ипэ къэкІуауэ зэрыщытар, абы щыгъуэми узынщагъэр щрагъэфІакІуэу здэщыІа Іуэхуэщ1эІэ зыбжанэм я лэжьыгъэм арэзы къызэрищІар. «Ноби фи Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр дгъэщІэгъуащ. Нартан къуажэм дэт школ-интернатым и базэбзэкіуэ орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, КЪБР-м и Правительствэм хэтхэр, щыналъэм социальнэ Іуэхуэхмкіэ и Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

Мусуков Алий хьэщІэхэм ФІыщІэ яхуищІащ зэІуищІэр ди республикэм щрагъэкІуэкІыну къызэрыхахам пащІэ, апхуэдэуи къыкІэтъэщащ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэми иджы зэгуагъэхьэжа социальнэ фондми сыт щыгъуи Къэбэрдей-Балъкъэрым гулъытэ хъунущ», - жиІащ абы.

**Чирков Сергей** къыхигъэщащ Пенсэ фондымрэ социальнэ страхованэмкІэ Іэнатіэмрэ ятеуауэ закон щхьэхуэ иджыри къэс зэрыщымыІар. Абы зэрыжиІамкІэ, УФ-м и социальнэ фондым и правленэрэ зэхащэнущ, абы и мурад нэхъыщхьэу щытынур Іуэхущ1эпІэм зэрызригъэужьынырщ. «ЦІыхум я тыншыпІэрщ псом япэу дызэгупсысыр, гугъуехь хэмыту абыхэм Іуэхутхьэбзэхэр къаззрыхуэдгъэпэщынырщ. Іуэхущ1эпІэхэр къызэхамыкІухьу цІыхур зыхуэныкъуэ дзІэпыкъуныгъэхэр фондым деж иджы щызэрагъэпэщырбгъущ. Іуэхущ1эпІэхэр щызэгуэдгъэхьэжьым къыпэн нэхъыщхьэ дыдэу щытащ Іэщ1агъэлІэхэр я Іэнатіэм Іумыгъэкіыныр. Зэрытедгъхуам хуэдэуи тщІащ. Къыщынэмыщ1ауэ, нэхъ и пэкІэ пенсэр щхьэхуэу, адрей дзІэпыкъуныгъэхэр нэгъэщІ махуэм етту щытамэ, иджы социальнэ захьыщхэр зыхуагъэувахэм ахэр зы махуэм яІэрыгъэу щытщ. Апхуэдэ дыдэу сабий захьыщхэр щетт махуэхэр щхьэхуэ-щхьэхуэу дубзыхуащ».

Чирковым къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ я зы проект Іэщ1агъэуэным - социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ Іуэхущ1апІэхэр зыпэжьыжь къуажэ нэхъ пхыдзажэм фондым епхаяу нэхъыжьхэр щызэхьыхэ центрхэр къыщызэрагъэпэщыну къызэрыхалъхьам. ЗэкІэ апхуэдэу пэш 150-рэ яІэщІ, абыхэм зи ныбжь хэкІуатаэу екІуалІэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ Іуэхутхьэбзэ зэрыщагъэтыжьыну къыдэкІуэу, Іэмал щаІащ узынщагъэр хъунэмыс теуауэ лекцэхэм щедзэІуэну, тхьилъ щеджэну, я Іэкіэ зыгуэрхэр ящІыным зыхуагъэсэну. А Іуэхур фондым къыдэкІыгъ пенсэм щысхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, ветеранхэм я зэгухьэныгъэхэм. Абы УФ-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым зыхуигъэзащІ а Іуэхур дгъэтэркІэ щІэгъэбыдэнымкІэ зыкъыщІагъэкъуэну.

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Асанов Алим** зэІуищІэм щытепсэлъыхьащ 2022 гъэм республикэм щызэфІакІэжкІам. Абы жиІащ цІыху мин 282-м социальнэ дзІэпыкъуныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыхуащІар, псоми зэхэту сом мелард 15-м щигъу текІуадэу. 2023 гъэм и пэм щегъэжьауэ цІыху мин 235-м яІэрохьэ зэрызыщІакъыуэ ахъшэхэр. «Зи ныбжьыр илъэси 3 - 7-м итхэмрэ (сабий 68700-рэ мэхъу) ещанэ сабийрэ нэхъыбэрэ зыгъуэтхэмрэ ахъшэкІэ дадоІэпыкъу. Иужьрей дзІэпыкъуныгъэр идот цІыху 11300-м, сом зы меларддрэ мелуан 900-рэ къызэщІеубыдэ. Пенсэм щысу лажьэ цІыху мин 65-м я ахъшэм щыналъэм яхудащІегъу сом меларди 3-м щигъу, - къыхигъэщащ министрым.

Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ Херсон щІыналъэм къикІын хуей хъуахэм республикэм зэрызащІигъэкъуам. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Зыужьныгъэмкіэ фондымрэ зэращІыпІа зэгурыІуэныгъэм тету, Херсон щІыналъэм къикІауэ республикэм щыпсэуну мурад зыщІакъэр уэнкІэ къызэрызэрагъэпэщыну мыпхъу хухахащ. Министерствэм апхуэдэ Іуэхуэкіэ тхыгъэ 979-рэ иратащ, цІыху 704-м дзІэпыкъуныгъэ яІэрыхьащ.

Асановыр къытеувыІащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэхуэхм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэми. Абы жиІащ дзэм ираджахэм зэ закъуэ ират сом мин 25-р мазэ къэс етыным хуэкІуэ щІыналъэ зыгГуэныр Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрахэтр, «Дзэкъэгъэтщ» урысейпсо Іуэхур республикэм зэрыщагъэзащІэр, «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и къудамэр Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъуауэ-гъуэм и 1-м щыпсэуну.

Иужьрейм теухуауэ Нилов Ярослав жиІащ зи унафэщІ комитетыр абы сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн хузэхуну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэуи абы дыщІигъуащ зауэлІэхэм ахъшэкІэ защІэгъэкъуэным и мызакъуэу, я гурыгъуэхэр ящхьэщыкІыныжкІэ психолог ІэщІагъэлІэхэр дгъэлэжьэныр гупылъэ зыхуэщІыпхьэхэм ящыщу къызэрыпІытэр, ауэ апхуэдэ лэжьакІуэхэр зэкІэ ирикъуу зэрыщымыІэр.

ЗэІуущІэм къыщыпсэлъащ УФ-м Пенсэмрэ социальнэ страхованэмкІэ и фондым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ **Бакъ Николай**, КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен**, Ивановскэ щІыналъэм и думэм и унафэщІ **Дмитриевэ Маринэ**, «ВТБ Банк» Іуэхущ1апІэм и правленэм и унафэщІым и Аппаратым и эксперт **Фёдоров Сергей**, КЪБР-м и Жыл1агъэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Федченко Людмилэ**, «КЪБР-м пенсэм щысхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ **Бэрсэдж Юрэ**, Афганистаным щыкІуэкІа зауэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм я урысейпсо «Ветеран» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэ и къудамэм и унафэщІ **Былымгуэт Беслъэн**, «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэ къудамэм и унафэщІ **Дадэ МуІэед** сымэ.

ЗэІуущІэм Егоровэ Татьянэ щыжиІащ къыІэта Іуэхум мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Мыпхуэдэ зэІуущІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІыну къыщызэрыхахам къиргъэлъагъуэу къыщощхъу щыналъэм социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхуэхэр тэмэму зэрыщыщІэзгъеублар. «УФ-м и Къэрал Думэм Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым фІыщІэ хузощІ къызэрытхуеблэгъам папщІэ, - жиІащ абы. - Щэн хэмылъу, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр зэпымыуэу дыхущІокъу къэралыр щыхуэм зэрадзэлэпкъу Іэмалхэр зэредгъэфІакІуэнхи. КЪБР-м и Іэтащхьэм республикэм и хабзэубзыкъу орган нэхъыщхьэм Зэрызыхуигъэзам къызэрыщыхигъэщащ, нобэ ди къалэн нэхъыщхьэр Украинэм щІыкІэкІ дзэ Іуэхуэм хэтхэмрэ я унагъуэхэмрэ щыкъэзгъэкъуэныр къыздэгъэпэщынырщ. А Іуэхуэхм къыхэкІ гугъуехьхэмрэ абыхэм я хэкІыпІэхэмрэ нэхъыбэрагъу щохъу мыпхуэдэ зэхуэсхэм. Си фІэщ мэхъу, къэтІэта Іуэхуэхр адэкІэ сабэп зэрыхъунур цІыхухэм дзІэпыкъуныгъэ еттхэм я фІагъым хэхъуэным и лъэныкъуэкІэ».

Социальнэ Іэнатіэр егъэфІакІуэным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІым, я лэжьыгъэм гудзакъэ яІэу зэрыбгъэдэтым папщІэ, УФ-м и Къэрал Думэм и комитетым и фІыщІэ тхьилъэр цІыху зыбжанэм хуагъэфащащ: КЪБР-м и Парламентым и депутатхэу Абазэ Албэчэр Сэкрак Владимиррэ, КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министрым и дзІэпыкъуныгъэ Хъэщ1эмахуэ Заур, КЪБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дзІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм унагъуэмрэ сабийхэмрэ хъумэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ Шаваев ТІэхьир сымэ.

Иужьрейм хьэщІэхэм журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

# Гугъапіэхэр и куэдт

● Фэеплъ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, ди къуэш республикэхэми зи цІэр фІыкІэ щыІуа журналист КІэрэф Хьэсэнбий къыззралъхуэр нобэ илъэс 70 ирокъу**.

ЗЭМАНЫР узыпэмыльэщщ. Сыт щыгъуи жыджэру, «Адыгэ псалъэ» газетыр зыгъэбжьыфІэу, и лэжьэгъуэхэр игъэлъэпІэн фІэфІу, цІыху гумызагъэу къытхэта КІэрэф Хьэсэнбий псэужамэ, нобэ Іэтауэ яГъэлъэпІэнут. Ун лэжьэгъум блэкІа зэманым иту и гугъу пщІынбр тыншкъым. Апхуэдэу щытми, зэрыжаІэщи, цІыхур псэущ ящцымыгъупщэху.

Ешъм и жылІэгъуэхэм ящыщ зы къэдгъэсэбэпынщи, КІэрэфыр лІыгъэрэ цІыхугъэрэ зезыхьэу къеклуэкІахэм ящІыщщ. Хьэсэнбий нэхъыбэу тетхьихьырт куэажэ гъащІэм, мэкъумэщ щІэным, Іэщ гъэхъуным ехьэлІа Іуэхугъуэхэр гъащІэгъуэну щІэгъэгъуэну газетеджэхэм я пащхьэ ирилъхьэрт. Абыхэм ящыщ «Уней лъапсэ» напэкІуэцІыкІкІэ чэнджэщгъу хъарзынэ яхуэхъурт цІыхухэм я уней хадэр зэмэму, фейдэ къыпахыу зэрахьэнымкІэ.

КІэрэф Хьэсэнбий дихьэхырт жыІэгъуэ кІэщІхэр тхынм. Къалэмыр и Іэпэгъуми, абы и гум сыт щыгъуи щыІурт макъамэр. Махуэшхуэ, къыззрыгуэкІ зэІуущІэ гуапэ ирехъуи, лэжьакІуэ гупыр дыззхуэсамэ, Хьэсэнбий и уэрэдхэмкІэ ар игъэбжьыфІэт. ЗыпищІ щымыІэу сыт щыгъуи игъэащІэ уэрэдхэм я зы сатыр нэхъ мыхъуми, ноби ягу къагъэкІыж абы и ныбжьэгъуэхэм, къыдэлажьэахэм: «Адыгэш къабзэу сэ си щагъадІи...», «Нэ фІыщІит»...

Ар гукъыдэжьыр къэзыІэт хьыбарэхмкІэ къыбдэгуашэ, гушыІэ гъэщІэгъуэнхэм ущІэзэыгъэдэІу цІыхут. И гур къабзэу, и псэр зэІухауэ, хьэлэлрэ гу щабэу къытхэта ди лэжьэгъур гъащІэ мащІэт. ЗэрыжиІэу щытащи, гугъэ нэпцІым лъапсІэу укърешэкІ. ГъащІэм фІыкІэ щыгугъами, къыхуиухар арати, и къаруІыгъуэу, илъэс щэ ныкъуэм ебэкъуа иужькІэ куэд къымыгъэщІэжу фуием ехьжащ КІэрэф Хьэсэнбий.

Ди лэжьэгъуу, ныбжьэгъуу щытар нобэ къщащалъхуа махуэщ, и фэеплъ махуэщ. Ахърэт нэхур Алыхьышхуэм кърит!

**УЭРДОКЪУЭ Женя**.

# Нэхъыжьыфі дуІарэт, щІыжаІэжыр апхуэдэщ

***КЪР-м ЩІалэгъуалэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ ядегъэкІуэкІыныжкІэ и Жылагъуэ советым и унафэщІ, МЧС-м и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Союз народовластия и труда» урысейпсо политикэ жылагъуэ зэщІэхъеенныгъэм дзыхь иригъэзу Къэбэрдей-Балъкъэрым щигъэлажьэ полковник Къуэдзокъуэ Жамболэт щыдым къызэрацІыхур дзэм ираджа щІалэгъуалэм я Іуэху зэрихуэу, къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къызэрыщыщІидзыжкІэщ. Псалъэм папщІэ, ди щІалэхэр здэщыІэ гарнизонхэм кІуэурэ, ящыщ гуэрхэр зыхэхуа Іуэху мыщхьэпэхэм зыбжанэрэ къыхишыжыфащ.***

***Жамболэт, щІалэгъуалэм жылагъуэ-хэкупсэ лэжьыгъэ зэрыдригъэкІуэкІыр, а Іуэхум хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищІыр, къэралым къыщыхъуэ-къыщыщІэжкІэ набдзэгубдзаплъэу зэрыкІэлъыплъыр, хуэзэфІэкІ зэрищІэр къальытэри, политикэ партхэм, жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэм фІыщІэ тхьилъэр зыбжанэрэ къыхуагъэфащащ. АтІэмли, апхуэдиз хъэзыгъэщІа нэхъыжьыфІыр и теплъэкІи и зыбгъыкІэкІи, хуумыгъэфащэн хуэдизу, бжьыфІэщ, зи къэхъыкІ, зи щІэныгъэм зэлІыууэ хэзыгъахъэщ. КІэщІращи, нэхъыжьыфІ диІарэт, щІыжаІэр апхуэдэщ. А лэжьыгъэри абы и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 90 зэрырикъуари ди щхьэусыгъуэу, ди нэхъыжьыфІым депсэлъащ.**

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэхэм кІуэныкъуэ щрахьэкІ щыІ- пІэхэм къытхутепсэлъыхьат.**

- Дзэм къулыкъу щрахьэкІыну ди республикэм ираша ди щІалэхэм ящыщу лъэпэрпэхэр тІэкІу егъэлеяро ткІииІуэу хабзэм щрашалІэкІэ, абыхэм сакъыщыщыщыжьыкІ хьи- жьыгъэхэм зыбжанэрэ сыкІуащ. Апхуэдэу, илъэси 4 ипэкІэ сыщыІащ Мурманск областым хыхьэ Североморск къалэм дзэ щхьэхуэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм зыбжанэрэ сыкІуащ. Апхуэдэу, илъэси 4 ипэкІэ сыщыІащ Мурманск областым хыхьэ Североморск къалэм дзэ щхьэхуэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм зыбжанэрэ сыкІуащ. Ди щІалэхэм ящыщ зы. Абдежым хьэпсым ирадзауэ си суд ящІэ, ди республикэм щыщ сэлэтипплІым я Іуэху щызэсхуащ. Дапхуэдизу а щІыпІэм гугъу сыщемыыхьами, ди щІалэхэр хеящІэм къыІэщІэсхьэжри, псалъэмкІэ къыІэт. Дзэм щІэныгъэ щІалэхэр дэсщэжащ. Абы ипэкІэ Будённовск сыщыІащ, ди республикэм щыщ щІалэ 10-м я Іуэху щызэсхуэу. Абыхэм унафэ хьыхуащІат дзэм щрахьэкІ хабзэ лэжьыгъэм хуэдэ жащ-жащІалпІыр, я къулыкъу хуэм къриубыдэу яГъэзэщІэн хуейри, абыкІэ зэрымыарэзыр къагъэлъагъуэу, «хьэуэ» къыхагъэкІат. Ди щІалэхэр бэлъхь зэрыхэхуар къыщыхэсщІэм, а щІыпІэм занщІэу сыкІуащ. Арати, хабзэм тКІийуэ ирашэлІэным зы тІэкІу фІэкІа къаузэмынэжауэ, ахэри хеящІэм къыІэщІэсхьэжри, зыхэта частым хеэгъэгъэхьэжащ.

**- Апхуэдэ щІыпІэхэм зыгъэкІуахэм къалэн къыпхуащІыр сытыт?**

- Схуагъэхьэзыр тхьилъэм нэхъыбэгу иратхэр ди республикэм щыщ щІалэхэм я Іуэху зыІутыр, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къахэкІахэм я зэхэкІу дэлъ зэхущытыкІэхэр зыхуэдэр зрагъэщІэн мурадкІэ сагъакІуэу арат. Псалъэм папщІэ, Мурманск областым хыхьэ Североморск къалэм къулыкъу щІэзэкІэ, щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм зыбжанэрэ сыкІуащ. Апхуэдэу, илъэси 4 ипэкІэ сыщыІащ Мурманск областым хыхьэ Североморск къалэм дзэ щхьэхуэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъэхэм зыбжанэрэ сыкІуащ. Ди щІалэхэм яхуэгъэзэуэ къэфІэта уголовнэ Іуэхум ехьэлІауэ лъэбакъуэ фчыкуэ абыкІэ хуит фызыщІ тхьилъэр сыыгъэлІагъу»... Сытми, ди щІалэхэр зрагъэхьуанщэмкІэ зрагъэпэща тхьилъэр нэмыщІысауэ къыщІокІ. Арати, дызэныкъуэкъум-дызэдауэурэ, ищхьэкІэ зи гугъу сщІа щІалиплІыр, я къулыкъу зэрырахьэкІын хуей пІалъэр сахэтыху и кІэм нэблэгъати, къыздэсшэжащ. Сэ ноби сыхьэзырщ лъэпкъым, хабзэм, нэмысым тегуэвыхь дэтхэнэми седзэуну, акъылэгъуи дзІэпыкъуэгъуи, зэрахуэфащэкІэуэ, сыхуэхъуну, чэнджащ естыну. Сызипашэ щІыхуб зэгухьэныгъэм хэщІапІэ иІщ: Налшык къалэ, Ахъуэхъум и цІэр зезыхь уэрам, 137-нэ унэ, 36-нэ пэш, телефоныр - 77-75-30.

*Тхыгъэри сурэтри*

**КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

# Сакъыныгъэр нэхъапэщ

КЪР-м щыІэ Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ йохъуэхъу къэблэгъа махуэшхуэмкІэ - Урысейм и махуэмкІэ - икІи къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхьымэныжкІэ хабзэхэр зэрызащІэну:

- къызэрымыкІуэ щыхьІкІэхэр, фыкъэзыуэхъуреихьэм я дежкІэ шынагъуэ къэзышэнкІэ хъуну Іуэхуэгъуэхэр къэвмыгъэхъу;

- автотранспортыр абы хуэхэа щІыпІэхэм щыигъэнъу;

- шэч гуэр фэзыгъэщІ хьэпшыпхэм е автомашинэхэм, апхуэдэуи ялэжьыкІэ хъуну теракТэм, цІыхухэм я къагъуэ пкъыгъуэ е Іэщэ зэрАІыгъым, щІэпхъаджагъэ ялэжьыну зэрызагъэзыхьэзырым ятеуауэ хьыбар къыфІэрыхьэмэ, хабзэхъуэм органхэмрэ экстреннэ Іэнатіэхэмрэ икІэщІыпІэкІэ фыпсалъэ;

- щІыху куэд щызэхуэс Іуэхуэхэр щекІуэкІкІэ щынагъуэнщагъэр къызэгъэпэщыныжкІэ жэуап зыхьІэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм, нэгъуэщІхэм хабзэм ипкъ иткІэ къыфхуагъэувэхэр игъэзащІэ.

КъалэрыхьэкІ сыт хуэдэ хъыбарми и тэмэмыпІэр къапщытэнущ, хуэфащэ Іэмалхэр къагъэсэбэпынущ ціыхухэм я щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныжкІэ.

КЪР-м и Оперативнэ штабым хъыбар къыІэрызыгъэхьэзэр хэтми нАІуэ ящІыныкъым.

**«Линэ пщтыр» телефонхэр**:

КЪР-м щыІэ Оперативнэ штабым - 48-15-48;

Урысейм и ФСБ-м и управленэу КЪР-м щыІэм - 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

КЪР-м щыІэ МВД-м - 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

УФ-м Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КЪР-м щыІэм - 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

Урысейм и МЧС-м и управленэ нэхъыщхьэу КЪР-м щыІэм - 39-99-99 (плъыр часть).

***КЪР-м щыІэ Оперативнэ штаб.***

## Дунейм щыхъыбархэр

### Я хуитыныгъэхэр къызэпауд

**Мы гъэм и бжьыхьэм Китайм щекІуэкІыну Азиат джэгуэхэм урысей спортсменхэр хамыгъэхьэнкІи хъунущ. Урысейм и Олимп комитетым и унафэщІ Поздняков Станислав журналистхэм яжриІащ Азием и Олимп советым а Іуэхум хэтыну иджыри зэрыримыкъыжьыр.**

ДУНЕИПСО и олимп комитетым политикэ и лъэныкъуэкІэ кынгъэувэхэм тепщІыхьмэ, Китайм щекІуэкІыну спорт зэхьэзэхуэхэм урысей спортсменхэр хэтыну хуиткъым я Іэпкъ федерацэри я Іэпкъ олимп комитетри къагъэлъагъуэ. Поздняков Станислав къызэрилъытэмкІэ, апхуэдэу Азиат джэгуэхэм я утыкум укъиухьэнырэ къэзэгъэрыкъым.

Нэхъапэкіэ МОК-м и исполкомым дунейпсо федерацэхэм чэнджащ яритауэ щытащ УФ-м иригъэкІуэкІ зауэ Іуэху хэхар дзэымышІыпІэ урысей спортсменхэр зэхьэзэхуэхэм хэтыну хуит ящІыну, ауэ зыщщыщ къэралри Іэпкъри къамыгъэльагъуэу. Къищынэмыщ1ауэ, зэпеуэхэм хагъэхьэнукъым дзэ къулыкъумрэ щынагъуэншагъэ Іэнатіэхэмрэ пэрыт спортсменхэр. Абы щыгъуэ Урысейм и олимп комитетым и унафэщІым жиІауэ щытащ Олимп джэгуэхэм къыщыхуагъэув хабзэхэмкІэ цІыхум и хуитыныгъэр къызэрызэпаудыр икІи захуагъэр зэфІэгъувэжьымкІи зэрыхуущІэкъунухэр.

### МафІэгуиц зэжьэхэуащ

**Индием и къуэкІыпІэ Іэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Баласор къалэм и Іэгъуэблагъэм щыІэ гъуэгугум къэхъукъащІэ щынагъуэ къыщыкъуащ. МафІэгуиц – цІыху къезыщэкІыу тІурэ зы хьэлъэзешэ мафІэгуитІыр зэжьэхуэ нэужь, япэрейм и вагон зыбжанэ гъуэгум къытридзри, абы къыпэщыІэ лъэныкъуэм техуащ. Куэд дэмыкІыу абы ещанэ а гъуэгум къриІуэ мафІэгур икІи и вагон зыбжанэ щхьэпридзащ.**

КъэхъукъащІэм зэкІуэдащ цІыху 300-м ящІэкІагъэ, фэбжь зыгуэтахэр 1175-рэ я пащхьэ. Урысейм и ныкІуэ Калькуттэ щыІэм зэкІэ нАІуэ къыщІакъым мафІэгухэм исахэм ди къэралым и цІыхухэр яхэтауэ.

Индием гъуэгу гъуэгухэмкІэ, коммуникацэмкІэ, электроникэмрэ бжьыгъэ технологиехэмкІэ и министр Вайшнав Ашвини жиІащ къэхъукъащІэм и щхьэусыгъуэмрэ абыкІэ зэрыашэмрэ зэрызэхагъэкІар. Абы къызэригъэльэгъамкІэ, мафІэгур электрон Іэмалхэмкіэ къызэрызэтрагъэувыІэ Іэмэпсымэм и лэжьакІэм игъэтэ зэхъуэкІыныгъэм къишащ апхуэдэ насыпншагъэр.

**Мэкъуауэгъуэм и 6, *гъубж***

**♦Урысейм и махуэщ**

**♦1939 гъэм** къальхуащ тхакІуэ, егъэджакІуэ, СССР-м егъаджэныгъэмкІэ и лэжьакІуэ нэхъыфІ **АпажАхьмэд**.

**♦1942 гъэм** къальхуащ физико-математикэ щІэныгъэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-м метеорологиемкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къалэ Хьэжбарэ**.

**♦1951 гъэм** къальхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ**.

**♦1953 гъэм** къальхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ и къудамэм и редактору щыта **КІэрэф Хьэсэнбий**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым щытымкІэ, Налшык уэшх къыщІэкынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 7, *бэрэжьей***

**♦Ерыскъыпхъэхэр шынагъуэнщу щытыным и дунейпсо махуэщ**

**♦1946 гъэм** къальхуащ тхакІуэ, драматург, АР-м щыІэ зиІэ и журналист **Хъурмэ Хьусен**.

**♦1952 гъэм** къальхуащ адыгэхэм къажэкІа, Тыркуи щыІа тхакІуэ, Нобель и саугъэтым литературэмкІэ и лауреат 2006 гъэм хъуа **Памукъ Орхьан**.

**♦1952 гъэм** къальхуащ КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Тэтэр Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык уэшх къыщІэкынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзыр*
**щхьэщэмыщІ иЭЗЩ.**

**Лъэпкъ Іуущыгъэ:**

**Акъылыр ящэркъым, къащэхуркъым – зыхалъхьэ.**

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м Литературэмрэ гъуазджэмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреат Бещтокъуэ Хьэбас и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу

# Зи псалъэр пэж, зи хъэтIыр лъэщ

***УсакIуэр, тхакIуэр, журналистщ, публицистщ, критикщ, драматургщ Бещтокъуэ Хьэбас. И къалэмыр къызыхуищта дэтхэнэми пэж зэрыхилъхьам ар лъагэ ищIащ. Псэмрэ напэмрэ я унафэм щIэту матхэ. Си гуfigуэ усакIуэм пэж жиIэну сыт щыгъуи лIыгъэ къыпхьыкъуэкIын хуейуэ. Бещтокъуэр абыкIэ щалъэщ. Ар урихьэлIэнукъым...***

- «Си дахэкIей», «Сыт пхуэсщIэнур сигу, усфIэтхэмыщкIэщ», «Изолъхьэ сигу, сынэмыкIуэну»... Мыхэр илъэс 60-м щIигъуэуз жаIэ. Телефоныр тызоекъуэз соплъри, адыгэ хьэгъуэлIыгъуэ куэди екIуэкIыкъым «Си дахэкIейр» щыжамыIэу. Тхьэм игъэпсэухэ усэхэм макъамэ щIэзыгъэувахэр! «Си дахэкIеймэ» щIэтыр Дыгъужьхэ Хьусен и макъамэщ. «Сыт пхуэсщIэнур сигу, усфIэтхэмыщкIэщ» усэм Хэзыгъэ Джэбрэил макъамэ тельыджэ щIэзыуващ. Абы уэрэдий итхащ си усэхэмкIэ, Жырыкъ Заур - уэрэд зыщыпIл.

- «Дуней тельыджэмрэ» «Иджырей дунеймрэ» зызогъапщэри, илъэрыем си гур къызэщIиIэтэу, дамэ къыстригъакIуэ сыкъеджамэ, иужьрейм щIэлъ гупсысэхэр къызэхьэлъэкIащ.

- Ущыуахьым. «Дуней тельыджэм» лирикэр нэхъ и гущIыIу щыIэщ. Ар ныбжьыкI елъытауэ къыщIэкIынущ. Иужьрей илъэс 20-м сэ нэхъ сызыджэр филиософиещ. Ауэ философие соджэ жьпIэу усэр «бгъэгъущи» хъунукъым. Гъущэ хъуауэ къыпщыхъуа иужьрейр?

- **Къыщыхьуакъым. Куулуэу сигъэгупсысащ жыхуэсIэт...**

- Ар фIы дыдэщ, «нэхъ хэкъзэуз гъащIэм ухэплъэ узэрыхуар къыхощ», жыпIэу аращ. Абы папщIэ Алыхьым фIыщIэ хуэсщIын хуейщ.

- **«Псэкlэ згъэвар си усэхэм лъабжьэ яхуэхъуауэ пIэрэ», - жыслIэу согупсыс», - жыпIат зэгуэр усыгъэм дытепсэлъыхьу...**

- Гуfigуэ емыхьэ цIыхум, псом хуэмыдэуз дэ ди лэжьыгъэр къапщтэмэ, «гъащIэр фIыуэ ксыгурыIуащ» хужьпIэну дзыхьщIыгъуэджащ. Гуfiуэхьым утекIуэфмэ, абы къыбгуригъаIуэмрэ ксыппкърилъхьэмрэ уи творчествэм кIуэн хуейщ, адрей цIыхьэхэр уэзэрыхущытми лъэIэсыпхъэщ. Ныбжьым и закъуэкъым цIыхум зэрызиужьыр. Литературэм ущыпэрытым деж уи псэм зиужьын хуейуэ кьалэн уиIэщ. НэгъуэщIыжьпIэмэ, щыуагъэ зыIэщIэмыкI щыIэжьыным, «бегьымбаррэ пэт щыуащ» жеIэ адыгэм. БгъэткIуамрэ бгъэвамрэ уегупсысыжьфэрэ абы сэбэп гуэр къыхэпхуэу дунейм утетыпхъэу аращ.

Лъагъуныгъэм узэрытетхьыхьнур дауэ, ар зищIысым ущымыгъаззэу, Псалъэм папщIэ, фIыуэ плъагъум е укъигъэнащ, е къэбгъэнащ, е фызэгурыIуэкъым, е сымаджэ урихъуащ гухэпльам. Абы иужьыгуащ, «уиушыуащ». Мис а щытыкIэм къыхэкIа зэхэщIэкIэр творчествэм кIуэфу щытын хуейщ. Достоевскэр псэкIэ гуfiуэ емыхьаеу апхуэдизу ин хъуакъым. Абы и псэм нэхъ гуfiуэ ехьа пса къэгъэзыгъуэйщ.

- **Ленинскэ библиотекэмрэ аспирантурэмрэ мыхьуамэ, «Мывэ лъэхъэнэр» сэхэтхынтэкъым» жыпIат... Талантым щIэныгъэ и гъусэн хуей Iэмал имыIэу?**

Сэхэтхынкlи Iэмал иIакъым. «Мывэ лъэхъэнэм» и лъабжьым щIэныгъэ литературэ щIэлъщ. Налшыкуи, Орджоникидзи, Ростови щыбгъуэтынутэкъым абы щыгъуэ а библиотекэм щыщIэзджыкIа тхьылъхэр.

Къаури зэмани ехь литературэм. Дунейм нэхъ ин дыдэу тетхэм ящыщщ урыс литературэм и 19-нэ лIэщIыгъуэр. АтIэ а лIэщIыгъуэр зы махуи бэнэныгъэм хэкIакъым, ар литературэми къыльэIасащ.

Мыдрейуэ, талантым щIэныгъэр щIымыгъуу хъуну си гуfiэкъым... Испаниием я поэзиием и 20-нэ лIэщIыгъуэр инщ. Ауэ абыхэм яхэтщ зы къуэкIэщхъуэ дыдэ - Эрнандес Родриго. СызэрыщыгъуаззэмкIэ, ар еджакъуэ щытакъым, ауэ талантышхуэ иIэт. КъыхэхуэнкIэ хъунщ апхуэдизу...

Лъэпкъым цIыху губзыгъэ хуэдиIащ. Ауэ нэхъ пасэм щIэныгъэщхъуэ щыIакъым. Абы щыгъуэ щIэныгъэщхъуэ дызэримыIар нобэ Iуэхум къыхэтлъытэу, щIэныгъэм нэхъ хэкъуэзауэ зеттын хуейуэ къызэрыIуэтэ. Дэ тхэримыкъуэ сыт нэхъыбэу?! Культурэщ. Абы хеубыдэ литературэри, дуней тетыкIэри, цIыхуэ зыхуущытыпхъэри. Вольтер жиIэу щытащ: «Сэ си fiащIэр стыну сыхьэзырщ къэпсуащ цIыхум и гупсысэ иIэжьин папщIэ». Зым Iуэху щхьэхуэр къызэрыгурыIуэр щхьжIкIэ, адрейр абы едIыуэфу щытын хуейщ.

- **Сыт хуэдэу дыщытыну къуэфIэт лъэпкъыр?**

- ЦIхьэщытхъу псалъэмакъ куэдыщэр дгъэмащIэу, щIэныгъэм ди щхьэр тедухуэмэ, абы сэбэпынкIэ къытхуихьынущ. Курыт еджапIэхэм нэхъ хэкъуэзауэ адыгэбзэ щегъэджыным и Iуэхур кьэIэтын хуейщ. Сэ зэхэсхащ адыгэ кьуажэ школхэм адыгэбзэ ирикъуу зымыщIэ сабийхэр цIыхуэз. Аращ псом япэу дызэгурыпсыхьэр.

- **«Фыгъуэижэ - адыгэ синдром» уи псалъэхэр куэдым къащтащ. Мы хьэл-щэныр лъэпкъым и насыпныншагъэмэ, насып гуэри иIэу къыщIэкIынщ. Сыт хуэдэ ар?**

- Дэ дыхуэнмысауэ аращ къэралыгъэшхуэ дыхьуу ди культурэ дгъэлъэгъуэну. Дыщыхьунэмысар акъыл диныIэу арат ахьым, атIэ империеу щым я кум дисащ: Тыркум, Урысейм, Иранрэ. Абы нэмыщIкIэ, Кавказ Ищхьэрэр кIуэщIрыкIыбжэт. Апхуэдэ гъуэгущхьэIу утесрэ, империехэм укъаухъуреихьауэ, къэралыгъуэ бухъуну гугъут. Тхьдэ и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, дэ ди мыгъуагъэр геополитикэм пыщIащ. Аxэр псори зэхэту кьапщтэмэ, мис а «фыгъуэижэ - адыгэ синдром» жыпIэу къэпхьа щапхъэм пэуву нэгъуэщI зыгуэр щыIащ. Мис иджыпстуу адыгэу дунейм тетыр зэпхолIэс. Сэ фIыуэ сымыпытагъу интернетри абыкIэ сэбэп мэхъу. Ауэ, а интернетыр къуэнэхун ипэкIи, адыгэхэм зызэпащIэжьныр укъуэдияуэ кьрахьэжьауэ щыта Iухъущ. ИкIи куэд-щым куэд хьайхъулIащ абы теухуауэ. Сыт хуэдэу гугъуу щытми, лъэпкъым зэрыбгъэуцуу зихъужмэжьын зэрыхуейр я щхьэм къыззрихьар аращ насыпыфIэ зыщIу иIэр.

ИтIанэ, сахолпъэри, ди лъэпкъ кьафэхэр, уэрэдхэр зыхуэдэр утыкум екIуу щызыгъэпльагъуэхэр диIэщ. Лосэн Тимур и лжьэкIэр сыт и уасэ! Апэнэс Астемыр, Бэрбэч Аскэр сымэ утыкум екIуу зэритым гур хегъахъуэ! Мы щIалэхэм кьапкърощ лъэпкъ хьэл. Дызэрыгушхуэн куэд диIэщ иджыпстуу. Зыхэтым дахэу къаxэщу лжьэхэфэм я бжьыгъэри нэхъыбэ хьууэ си гуfiэщ.

- **Театрым и гуfiу тщIымэ-щэ?**

-Театрым талант гуэзэзджэ зиIэ, абы папщIи пщIэрэ нэмысрэ зыхуэфащэ артистэхэр щолажьэ. Ди республикэр илъэси 100 щрикъум хуагъэхьэзырат Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр. Музыкэ театрым гъуэзэджэу щагъэуващ Молэ Владимир итха «Къамботрэ Лацэрэ» оперэр. Ар зы щапхъэщ. Урыс театрым Достоевскэм и тхыгъэкIэ щагъэува спектакIыр Москва яшэри, екъуалIэныгъэхэр иIэу ягъэлъэгъуащ. Ар етIуанэ щапхъэщ. Сэ фIыуэ сльагъу Гоголь Николай и «Ревизор»-р ди адыгэ театрым лъэщу кьехъулIащ. Ари есцанэ щапхъэщ. «Ревизор»-м и закъуэкъым, грузин драматургиемкIэ ягъэува спектакIэри фIы хъуащ. Мис апхуэдизу щыта спектакIэм пэлъэщ гупым зихъумэжьыни хуейщ. Классикэм нэхъ зрипщытпхъэу къызолъытэ. Мыри жьIапхъэщ. ЦIыхум зигъэпсэхун зэрыхуейр сэ къызгуроIуэ. Ауэ цIыхур гъэдыхьэшхьын бгъэдыхьэкIэм тетрыр мащIэ-мащIэуэрэ пыкIын хуейщ. Театрым цIыхур гупсысэну кIуэмэ нэхъыбэщ.

Ауэ дэ диIэкъым театрым щIэгъэкъуэн хуэхъун адыгэ драматургиэ лъэщ. ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм литературэм, культурэм я пащхьэ къыт къалэнхэм теухуауэ псалъэмакъэр нэхъ зэхуиблэфу, абы теухуауэ нэхъыбэрэ утыку ихьэфу щытын хуейщ. Апхуэдэ Iуэху щIипхъуегъэкIуэкIынущ куэд мыщIэу къызэIутыкъыжьыну Литературэ музейм.

Мыри Iуэхум щыщщ: ЩIэнхабзэмкIэ министерствэм, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтыр зэгухьэу ди университетым адыгэбзэмкIэ и кьудамэр нэхъапэу зэрыщытын хуэдэу - урыс-адыгэ кьудамэ щIыжыным я гупсысэ халъхьэныр сфIэтэмэкт. Сыт щхьэжьа жыпIэмэ, къэбэрдей литературэрэ и закъуэ тегъэщIауэ щIалэгъуалэм епта щIэныгъэкIэ утыку ихьыащщэ хъуну сэ къэслъытэркъым.

- **Усакlуэм нэхъыщщхъ дыдэу хьэл гуэр хэлъын хуейуэ пIэрэ?**

Пльэгъуэрэ, абы хэлъын хуейм и купкъыр талантым щыщу къэкIуапхъэщ. А талантыр къызэдикIыр къэщIэгъуейщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, а купкъыр зэрызэлъ щыкIэри пхуэубзыхунукъым. ИтIанэ, а талант жьхуэтIэр къыщыуцыр дапщэщ? Хэт ейр нэхъ пасэущ, хэт ейр нэхъ кIасэущ. ГъащIэр къыззрыбжъэхуэмрэ зищIысыр умыщIэрэ узыщымыгъуаззу кьыбдалъхуауэ пхэлъ талантымрэ щыззлъэдэсымрэ зэрызззлъэдэс щыкIэмрэ зэпэлъытыбфынукъым. «Мыр мыпхуэдэущ зэрыщытын хуейр», - жыпIэмэ, математикэ мэхъу. «Ар зыми ищIэркъым», - жыпIэмэ, поэзиеу кьонэ.

- **Поэзиер мы щIыпIэм щатхми, Мо уэгуи псэкIэ пэгъунэгъущ...**

Мы псалъэхэр уи уэсэм къыхэсхащ.

- ПэгъунэгъущI. ИтIанэ зы гъэщIэгъуэн кьохъу. Поэзием пыщIа цIыхуэр, Алыхьыр къыдэIэпыкъуэ зыужьынигъэм и гъуэгум тету кIуэмэ, мащIэ-мащIэуэрэ, гу зыльымытэжрэ, и творчествэр диным пагъунэгъу мэхъу, моуэ зыщIыпIэ дех щызэлъэIэсу пIэрэ жыпIэ. Диныр здэщыIэри здэщыIэн хуейри псэращ.

- **Хьэбас, къызжепIахэм сыт дэщIыбгъуэкIынт?**

- Сэ куэд дыдэ схуэмылэжьами, Тхьэм и фIыщIэкIэ гъэугуанэ кIыхь сытетащ. Си гугъэщ кьезэгъэну сигу къэзгъэкIыжыну си егъэджакIуэфIу щытахэу Нало Зауррэ Хьэкlащэ Андрейрэ. Жэнэтыр унапIэ яхуэхъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI!

ИтIанэ, мыри. Литературэм ухьыжа нэхъ, укъызыгурыIуэр, уи Iуэху къыбдэзэыпIигъэр щIэтэкъуэнышхуэщ. Си творчествэр тхылъеджэхэм ящIэтынымкIэ, нэхъ гурыIуэгъуэ ящыщIынымкIэ лэжьыгъэфI эфIагъэкIащ си ныбжьэгъуэхэу Гъут Iэдэм, БакIуэ Хьан-Джэрий, Тхьэгъэзит Юрэ. Тхьэм фIгъэпсэу, ямыгъэIэ. Тхьэм иригъэфIакIуэ си Iэдакъэщ1кIэм гулъытэ хуэзыщIа Хьэвжокъуэ Людмилэ.

- **Тхьэм уигъэпсэу!**

*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Зэремэщ.**

И ныбжьэгъуэхэм яхэту.

Ипхъу курыт Анжелэ и гъусэу.

## Усэхэр

### Гъуджэ

1

**ГуIэгъуэу, гузэвэгъуэу, зауэу**
**Мы щIы фIыцIэжьым зышIифам**
**Уемыгупсысыт хэкъуэзауэ -**
**Лъы ткIуэпс кIэрыльхьэм уэ пщIэфам.**

**Ар насып цIыкIуэкъым - лъы хэмылъу...**
**Псэ хэтмэ блэжьым - насип инщ.**
**И щэхуэзэм уэгум упымылъу**
**Пэщащэ, мыхъуу гур къиин.**

**Лъыр, залымыгъэр, псэ фIеягъэр**
**Мы щIым бэлыхьу щIыгъу зэпытщ.**
**Хэт зи IэщIагъэр дгъэпрэр?**
**Хэт ди псэр зейр? Ди гъащIэр - сыт?**

2

**Псэм къигъэзэжу ятх. Ар пэжмэ -**
**Зэгуэр псэр хэкум къэкIуэжынщ.**
**Къыщхьэщыхьынщи мо джабжьыым,**
**Ди лъапсэр зэпиплъыхьыжынщ.**

**Жыг хадэм и къудамэ лъэщхэм**
**Акъужьу зыщыщIиупскIэнщ.**
**Жыг тхьэмпэ щхэуу къыпыщэщхэм**
**Задригъэзыхьу яхэплъэщ.**

**Езыр зэгуэр мы лъапсэм тхьэмпэу**
**Зэрыпытар зыхищIэжынщ.**
**Зыгуэр жиIэну хуейрэ, бампIэу,**
**КъемыхъулIауэ бзэхьыжынщ.**

3

**Ар куэдрэ гугъу щехьащ мы щIыгум,**
**Дахагъэ куэди щилъэгъащ.**
**ЯгъэбэмпIами къыщдзэыгугъэм,**
**Къыхуэсэкъахэм щагъэтхъащ.**

**Псэхугъэри тхъэгъуи зымылъагъуу**
**Къулейсыз куэди щилъэгъащ.**
**ЦIыху Iэджэм я ныкъуэдыкъуагъэм,**
**Я тхъэмыщкIагъэм кьилыгъащ.**

**Зэм уэгум итт, зэм щIыгум щыплъэт,**
**Iэпкълъэпкъым хэлъми, дэни нэст.**
**Зэм зым кхъэм ирикъуэлIэт,**
**Зэм дыгъэм къыфIыщIихут и нэпс.**

**Хъарзынэт псори - щIыIи пшагъуи,**
**Дуней щIэщыгъуэт, гъэщIэгъуэнт.**
**И дрэжэгъуи и шынагъи**
**Псэм здиIэтыну и кьалэнт.**

**Хъарзынэ пэтми, псэр иплъхьэну**
**Темытт зы гуэджи мы дунейм.**
**А гуэджэр хэт къыфIэзыльэнур?**
**Къыщыфlалъэнури хэт и куей?!**

4

**ЩыIэнкIи мэхъу апхуэдэ гъуджэ**
**Мо Уэгуу лъагэм. Апщондэху**
**Къабзагъэм Тхьэшхуэм дыхимынкIэ,**
**Къедмыкъэжьами дэ сыт Iуэху.**

**Псэм и хэщIапIэм хуэищIагъэу**
**ЦIыху цIыкIум куэд кьыдолъэфэкI.**
**Арщ и къежьапIэр ди икIагъэм,**
**Сыт хэпльхьэкIэ нехьэкI-къехьэкI.**

**Емышу ирелъыхьуэ гъуджэ**
**ЦIыхупсэр, гъащIэм дыхэтыху.**
**Уагъатхъэмэ убэлэрыгъкIэ -**
**Жэнэтыр псоми ди утыкут.**

### КъызгурыIуэху - убзэхыжащ

1

**Гъэмахуэ нэхут, и уафэр лъагэт,**
**Дызэгъунэгъути - гуфIэт псэр.**
**Ди гъащIэ мащIэр зэрымахэр**
**Сыноплъыхьу зыхэсщIэт сэ.**

**Зэхэтт къабзабзэу жыги уни,**
**Зэхуэ1эдэбу зэбгъэдэт...**
**Зы Iэмал закъуи услъагъуну**
**Сэ нобэкIэ кьыслуэмыгъэт.**

**Уэдэщыгъэнур кьыслуэмыщIэ,**
**Сыщыпхуэзэзнур кьыслуэмыхт.**
**ПщIэхъуэпс эзпыту псэр мэпIыщIэ, -**
**НэмыщI уи нитIым кьыслуэмыт.**

2

**Уи Iуэху тэмэму псэр мэгугъэ,**
**ИтIани кьыстрелъэж шэч тIэкIу.**
**Мы ди зэхуакур зыхуэкIу лIыгъэ**
**ЗэрызимыIэр кьэмыгъэкIу.**

**СхуэкIунуми, ныздзэгъэзэнум**
**Си гурыгъуаззэр пэмыльэщ.**
**Сэ егъурэгъуэзу сыуСэну**
**Зи Iэмыпар сфIэтэмакъкIэщIщ.**
**СытэмакъкIыхьу сыпхуохъуапсэ,**
**Сысей хуэуну мыхъу си фIэщ...**
**Гъэмахуэ кIуам дэхуэба къуэпсыр**
**Щэху цIыкIуу си гум къопэщэщ.**

3

**Уи натIэр Iэгукlэ пхуеслъэщIэкIрэ**
**Пщхьэщыхьуу узыр щIокI си нэгу...**
**ИтIани куэд сэ схуэзэфIэкIрэ,**
**Зи гъащIэр кIыхь хъун си псэ тIэкIу?**

**Апхуэдэу куууэ къыслхьыхьауэ**
**А зэман кIэщIым сымыщIа**
**Уи нитIыр - уи нэбжьыщ Iэтауэ**
**Гъатхэ дыгъэпсым дэпщIыпщIар.**

**Нэбжьыщи набдзи кьыстехьэлъэу,**
**Сыlэбапlэншэу сахуоэзш.**
**Усфlэкlуэдащи бетэмалу,**
**Ис хуэдэщ си гур ныбгъуэхьэш.**

4

**СыпIущIэну си мурадкъым,**
**СыпщIэхъуэпсу уэ себгъэсащ...**
**Укъэкlуакъым, укъэльэтакъым -**
**Си гупсысэкlэ укъзгъэсащ.**

**Мис, ущысщи сынэбгъэплъызу,**
**НэкъыщIэщIым псэр сфIыдехьэх.**
**Уи нэкугъуэр тIэкIу сигъэмысэу,**
**Кьыслухьэкlи, йокIуэтыж, мэбзэх.**

**Сыщlохьуэпсыр сыпхуэзэжыным,**
**Кьегъэжьапlэр кьыслуэмыгъуэт...**
**Кlуа гъэмахуэм дызышэжыну**
**Лъагъуэ бгъуэзэр зыгъэнщкIыр хэт?**

**СытэмакъкIыхьу сыпхуохъуапсэ,**
**Сысей хуэуну мыхъу си фIэщ...**
**Гъэмахуэ кIуам дэхуэба къуэпсыр**
**Щэху цIыкIуу си гум къопэщэщ.**

3

**Уи натIэр Iэгукlэ пхуеслъэщIэкIрэ**
**Пщхьэщыхьуу узыр щIокI си нэгу...**
**ИтIани куэд сэ схуэзэфIэкIрэ,**
**Зи гъащIэр кIыхь хъун си псэ тIэкIу?**

**Апхуэдэу куууэ къыслхьыхьауэ**
**А зэман кIэщIым сымыщIа**
**Уи нитIыр - уи нэбжьыщ Iэтауэ**
**Гъатхэ дыгъэпсым дэпщIыпщIар.**

**Нэбжьыщи набдзи кьыстехьэлъэу,**
**Сыlэбапlэншэу сахуоэзш.**
**Усфlэкlуэдащи бетэмалу,**
**Ис хуэдэщ си гур ныбгъуэхьэш.**

4

**СыпIущIэну си мурадкъым,**
**СыпщIэхъуэпсу уэ себгъэсащ...**
**Укъэкlуакъым, укъэльэтакъым -**
**Си гупсысэкlэ укъзгъэсащ.**

**Мис, ущысщи сынэбгъэплъызу,**
**НэкъыщIэщIым псэр сфIыдехьэх.**
**Уи нэкугъуэр тIэкIу сигъэмысэу,**
**Кьыслухьэкlи, йокIуэтыж, мэбзэх.**

**Сыщlохьуэпсыр сыпхуэзэжыным,**
**Кьегъэжьапlэр кьыслуэмыгъуэт...**
**Кlуа гъэмахуэм дызышэжыну**
**Лъагъуэ бгъуэзэр зыгъэнщкIыр хэт?**

● Узыншагъэ

# Аутизмыр сыт къызыхэкIыр?

**Сабий щэхуэхэр, псалъэгъуейхэр, закъуэныгъэр зыфIэфIхэр куэд хъуащ иужьрей зэманым. Абы лъыгъэмытэкIэ Iэмал иIакъым. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, «аутизм» зыфIаща щытыкIэр зэфыкI сабийхэм я бжьыгъэр хэхъуэ зэпытщ.**

**Дунейм узыфэу тетым и процент 11-р хуозэ неврологиекIэ сэкъат зиIэхэм, икIи а бжьыгъэр къахуэмыгъэувыIэу хохъуэ. Ауэ аутизмым къикIыркъым ар «зиIэ» цIыхухэр мыдрейхэм нэхъ я нэхъыкIэу, нэхъ тхьэмпэкIэу, нэхъыбэуэ. Апхуэдэхэм я зэфIэкIхэмрэ гупсысэкIэмрэ дызэса жыпхъэм къыщхьэщыкI къудейуэ аращ. Зэ пэпрэ, цIыхур къызыхуэкIа IТ дунейм гуfiуэехьнщэу хэпсэукIыф цIыху лIэужьыгъуэщIэу къэунэхуауэ къыщIэкIынри хэлъщ аутистхэр, абыхэм я гупсысэкIэр дэ къызэрыдгурымыIуэм къыхэкIыу, сымаджэ ди гуfiэ щхьэкIэ.**

**Сыт-тIэ, аутизмыр зищIысыр, ар къызыхэкIыр? Дауэ ар зэрагъэхьужыр? Пхуэгъэхьужрэ? Дауэ балигъ хъуа ау-тистхэр зэрыпсэур? А упщIэхэм я жэуап дыльхьэуну дэ зыхуэдгъэзащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, сабий невролог Iэзэ Азэмэт Нуржан:**

- ЩIэныгъэр здынэсам дохутырхэм ящIэркъым аутизмыр - къызыхэкI дыдэри, сабийм къызэрефыкIынкIэ хъунри. Абы теухуауэ Iэху епльыкIэ куэд дыдэ щыIэщ. Арами, Урысейм Медицинэ щIэныгъэмкIэ и академием зэригъэувамкIэ, ар лIэужьыгъуиблу ягуэш:

1. Каннерым и аутизм.
2. Аспергерым и психопатие.
3. Шизофрением и зи чэзу техьэгъэуэм къыхэкIа аутизм.
4. Резидуально-органическэ аутизм.
5. Хромосом зэхэзэрыхьым къыхэкI аутизм.
6. Реттым и зэхэфым къыхэкIа аутизм.
7. КъызыхэкIар къахуэмыщIэ аутизм.

Мы зэзэфэр хьэлъэу е мащIэу кьефыкынкIэ мэхъу сабийм. Куэдми мащIэми аутизмым ижь зыщIихуа псомиз зэхуэдэу щытыкIищ яIэщ: цIыхуэм декIуэкIыфрэкъым, ныбжьэгъу зэрагъэпэщыфрэкъым; щIэщыгъуэр къагурыIуэрэкъым; зэсам текIыфырэкъым. Сабийр илъэсищ иримыкъу щыщIкIэ аутизм иIэрэ имыIэрэ къыпхуэщIэнущ мы щытыкIэхэмкIэ. КIэщIу жыпIэмэ, цIыху къызэрыгурэкIым и хьэл-щэнэр пхуэхъуэжьнымэ, къыпхуэгъэдалIэмэ, хабзэ гуэрхэм тетмэ, узыщыгуфIыкIри узыгъэпщхьэйри зыхащIэмэ, аутистхэм а псомиз гу лъэтэркъым икIи къагурыIуэркъым. Аращ ахэр «нэгъуэщI» зыщIыр. А псори къагурымыIуэн хуэдэу я щхьэкуцIым зэхъуэжьынкIэ гуэрхэр иIэу къалъху апхуэдэ сабийхэр. Адрей сабийхэм къаззрыщхьэщыкIкIэр къагурыIуауэ адэ-анэ хуэд гузавэу къоклуалIэ си дж.

- **Ахэр сыт хуэдэ щытыкIэ, Нуржан? Нэхъ зэхэгъэщхьэхуэкIауэ и гугъу къытхуэщIы!**

- Къыхэгъэщыпхъэщ аутистхэм уалъэIэсу, уажьхэуэу, уедэхащIэу зэрафIэмыфIыр, шхын зэхэдз, щыгъын хэплъыхь зэращIыр, нэгъуэщIхэм ядэжьгъу мыхъуу, я щхьэ зэрытрагъэужьыр. КьищынэмыщIауэ, ахэр уи нэм къыщIэплъэркъым, уеджакIэ, узэхамых нэхьей, кьаплъэркъым, уакъыкфIэIуэхьхэжьым, лъапэпцIийуэ къакIуэх, зыгуэр яIут нэхьей я Iэпхъуамбзэщ, псалъэ гуэрхэр телевизорым е телефоным кьрахамэ, къытрагъэззэжурэ ар куэдрэ жаIэфынущ. ИтIанэ аутизм зиIэхэм хьэпшыпхэр зэбгъуриту, зэгъэззэхуауэ кърагъэувэкI, зэтрагъэувэ, зэбгъурагъэувэ. Псом хуэмыдэжу адэ-анэхэр егъэгуаваэ аутистхэр зэрымыпсалъэм, зэрыжьIэмыдаIуэм, зэрыкъиинымэ, зыхуэфр кьыщыбгурамыгъэIуэфIкIэ гъащIэм ухэплъэ узэрыхуар къыщIэкIынкIэ, ар ящыщIэмэ зэ IуплъэгъуэкIэ аутистыр щыкIауэ, гъэфIауэ жиIэфынущ. Сабийр илъэс щрикъум ирихьэлIэу агъэ-быгъэ жимыIэмэ, зыгуэр щыхуейм деж абы и Iэпэр хуимышиймэ, и Iэр кьыпхуимыщIмэ, мазэ 16-м ирихьэлIэу зы псалъи къыжьэдэмыкIмэ, илъэситIым деж псальитI хуэзэпымыщэмэ, Iэмал имыIэу неврологэ къьегъэпыхьэщ. Апхуэдэ цIыкIуэм зыкъэзыгъэр зэрафIэфIым къикIыжьыкъым ахэр лъагъуныгъэр ухабагъэрэ хуэмыныкъуэу, зыри фIыуэ ямылъагъуу. Къапщтэмэ, мыдрей сабийхэм нэхърэ нэхьбэу ухабагъэрэ лъагъуныгъэрэ мэлыахьуэу ахэр. Ар ахуэмыгъэлъагъуэу, жамыIэфу, къызэрыIуэтэнуэ ямыщIэу арэкъудейщ. ЗэрыжьыСащи, мы узыфэм лIэужьыгъуэ Iэджэ иIэщ, сабий къэскIи езым и хьэл-щэн хэпльэжщи, абы Iуэху нэхъ гугъуэ ещI - щхьэж узэрыдеIкIуэкIи Iэмал къыхуэпплъыхьэн хуейщ.

- **Аутизмыр зэрагъэхъуэ Iэмалхэм уатегъэпсэлъыхьынут.**

- Къыхэгъэщыпхъэщ, аутизмэм уадэлажьэмэз, зыхуейр къаIуэтэфу, курыт ещанIэхэм щеджэфу, екъуIэныгъэшхуэхэр къагъэлъагъуэу хъуфынущ. Хущхъуэ зыдаIыгъи яхэтщ, хущхъуэнщэу яхуэгъэзи щыIэщ. Сабийм аутизм зэманым щIэупщIэ зиIэ IэщIагъэ гуэр зригъэгъуэтыфмэ, апхуэдэ щыхуэхэр ефIэкIуэнущ.

*Тхыгъэм и кIэм къитIуэну дыхуейт аутизм яIэу, ауэ зэ IуплъэгъуэкIэ ар къэпщIэнкIэ Iэмал зимыIэу, дуней псом цIэрыIуэ щыхьэ щыхуэм я цIэхэр: тхакIуэ Вульф Вирджиния, США-м и 7-нэ президент Джексон Эндрю, США-м и 16-нэ президент Линколн Авраам, актёр, режиссёр Аллен Вуди, музыкант Дилан Боб, сурэтыщI Ван Гог Винсент, щIэныгъэлI Эйнштейн Альберт, мелардырыбжэхэу Гейтс Билл, Маск Илон.*

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ

**«Япэ итхэм я урысейпсо зэщIэхъееныгъэм», КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэмрэ Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэмрэ Сабий творчествэмкIэ уардэунэм иджыблагъэ щрагъэжьащ урысейпсо гъэмахуэ фестиваль. Ар хуэунэтIащ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сабийхэр IэщIагъэ гуэрым дегъэхьэхыным, ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым, къэухьым зегъэужьыным.**

«ЯПЭ ИТХЭМ я урысейпсо зэщIэхъееныгъэм» ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэу 24-рэ къызэщIеубыдэри, ахэр унэтIынығъэ 12-кIэ гуэшауэ мэлажьэ, дэтхэнэ сабийми фIэгъэщIэгъуэну дэзыхьэхын къызэрыхихыфынум тещIыхьауэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуахым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутат Бечеловэ Людмилэ, ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Зумакулов Борис, сабийхэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ Лъынэ Светланэ, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Лу Азэмэт, Налшык къалэ администрацэм, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

«Япэ итхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн фестивалым хэт щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ захуигъазэу жиIащ къэралым и зэщIэхъееныгъэ нэхъ ину къалъытэм и зэхэтыкIэр абыхэм я нэкIэ ялъагъуну Iэмал зэраIэр.

- Ди зэщIэхъееныгъэм Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэну щэм щIигъу щыубзыхуащи, ахэр зи щIалэгъуэр унэтIыным, жэуаплыныгъэ яхэлъу гъэсэным, щхьэж и хъуэпсапIэр гъащIэм щызыIэригъэхьэным щхьэпэн защIэщ. ЩIалэгъуалэм Iуэхугъуэ Iэмал яIэнущ спортым, творчествэм, гъуазджэм, щIэныгъэм щаIэ зэфIэкIхэр наIуэ къащIыну. Къэралым и къэкIуэнур зейр фэращи, фефIакIуэу ипэкIэ фызэрыкIуэнум яужь фит, - захуигъэзащ Шыпшым къызэхуэсахэм.

АдэкIэ щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ щагъэгъуэзащ сурэт щIыным, таурыхъ техыным, япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ цIыхум хуэщIэным, сабын гъэвэным и щэхухэм.

Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэм и хэгъэгу къудамэм балигъыпIэ имыувахэм я хуитыныгъэр хъумэным ехьэлIауэ хуэныкъуэхэм юридическэ Iуэхутхьэбзэ пщIэншэу яхуищIащ, абы хуэныкъуэхэм «Сабийм и хуитыныгъэр тхъумэу» фIэщыгъэм щIэт мастер-класс дригъэкIуэкIащ.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ я концертым.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# «Спартак-Налшыкым» и хъыринэхэр

● Футбол

**«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 4:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэкъуауэгъуэм и 4-м. ЦIыху 77-рэ еплъащ.**

***Судьяхэр:*** Цурков (Москва), Шварц (Смоленск), Павлов (Москва).

***«Спартак-Налшык»:*** Мицаев, Белоусов, Мэкъуауэ (КIэдыкIуей, 82), Молэмусэ, Хьэшыр, Топурие (ЛIыхъугу, 79), Масленников, Торосян (Жангуразов, 79) ХьэцIыкIу (Селяев, 63), ХъутIэ, ЛIуп.

***«Мэшыкъуэ-КМВ»:*** Кармазин (Мишиев, 82), Короев, Строганов, Абдулаев, Давидчук, Наниев (Воробьев, 46), Романенкэ (Егоров, 78), Цакоев (Каспарян, 46), Ходарченкэ, Барцев (Тимаков, 46), Апозян.

***Топхэр дагъэкIащ:*** Хьэшырым, 46+1 – пенальтикIэ (1:0). ЛIупым, 67 (2:0). ЛIупым, 79 (3:0). Масленниковым, 83).

***Дагъуэ къыхуащIащ:*** Наниевым, Белоусовым, Апозян.

ХЪЫРИНЭМ ещIэ хуэдэу «Спартак-Налшыкым» ирегъэкIуэкI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм щыIэ зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр. Феплъыт фэри: япэщIыкIэ Мейкъуапэ къикIа «Дружба»-р 5:1-уэ хигъэщIащ, къыкIэлъыкIуэу здэкIуа Дон Iус Ростов щIыпIэ СКА-р 3:1-уэ къыщефIэкIащ, адэкIэ Ставрополь и «Динамо»-м 2:1-уэ и стадионым щытекIуащ, арщхьэкIэ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-м мыгувэу 2:0-уэ ар къыIуригъэупщIыIуэжащ. Мис иджы, вэсэмахуэ, Псыхуабэ къикIа «Мэшыкъуэ-КМВ»-м жэуапыншэу топиплI худигъэкIащ. Къэнэжыр кIэух зэIущIэм Владикавказ щыIэ абы и «Алания-2»-м къыхигъэщIэныращ.

Зырызу къыпхуэбжыну цIыху бжыгъэ мащIэ дыдэ (77-рэ) фIэкIа еплъыну къыздемыкIуэлIа зэIущIэр зыгъэсэныгъэм нэхъ хуэкIуэрт. Пэж дыдэу, езы футболистхэми гукъыдэжышхуэ яIэу плъагъуртэкъым. Апхуэдэурэ екIуэкIащ «Спартак-Налшыкым» Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р къыщригъэблэгъа етIуанэ лигэм и Япэ гупым и зи чэзу джэгугъуэр. Дауи, хэгъэрейхэр ебгъэрыкIуэну хущIэкъурт, арщхьэкIэ хьэщIэхэми дагъуэншэу захъумэжырт. Псоми зыщихъуэжар зэIущIэм и япэ Iыхьэм къыщIагъуа дакъикъэхэращ. Ахэр щиух дыдэм налшыкдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ бжыгъэншхэм пэмылъэщыжыххэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуащхьэхъумэхэм футбол хабзэр къызэпаудащ – пенальти! Ар, зэрихабзэу, Iэзэу игъэзэщIащ «Спартак-Налшыкым» и капитан Хьэшыр Алан.

А Iуэхугъуэм дэрэжэгъуэ ин къезыта ди щIалэхэм джэгум и етIуанэ Iыхьэр нэхъ жыджэрыжу ирагъэжьащ. ИкъукIэ убыдыпIэншэт ЛIуп Ислъам. 67-нэ, 79-нэ дакъикъэхэм абы бжыгъэр 3:0-м нигъэсащ.

Къэхъуар нэхъыбэу гъуащхьэтетым и зэрану къалъытэри, хьэщIэхэм Кармазиныр МишиевымкIэ яхъуэжащ. АрщхьэкIэ иужьыр къызэщIэплъэну, и гъуэм дэзэгъэну хунэсатэкъым топ щыхудагъэкIам. Мы зэIущIэм еплIанэу къыщыхэжаныкIар Масленников Игорщ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: - «А» гупжьейм - «**Форте**» (Таганрог) – «**Черноморец**» (Новороссийск) – **0**:**1**, «Ротор» (Волгоград) – «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) – **1**:**0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Чайка**» (Песчанокопскэ) – **1**:**4**; «В» гупжьейм - **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Динамо**» (Ставрополь) – **1**:**0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) – **1**:**4**.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ «А» гупжьейм зэхьэзэхуэр щиухащ. Бжьыпэр зыубыда Новороссийск и «Черноморец»-р япэ лигэм адэкIэ щыджэгунущ. Абы къыкIэлъыкIуиплIыр етIуанэ лигэм и «А» классым хагъэхьэнущ. Иужь увыпIэр зыубыда Прогрессым и «Биолог-Новокубанск»-р ди щIалэхэр зыхэтыну «Б» классым къехуэхащ. ЕтIуанэ лигэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ икIи абыхэм мыгувэу фыщыдгъэгъуэзэнущ. ЗэкIэ «В» гупжьейм кIэух джэгугъуэр щэбэт къакIуэ къапэщылъщ. Мэкъуауэгъуэм и 10-м «Спартак-Налшыкыр» Владикавказ къалэм щыIущIэнущ щIыпIэ «Алания-2»-м.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым 2022 - 2023 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. КIэух Iыхьэ*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| ***«А» гупжьейм*** | | | | | | |
| **1. «Черноморец»** | **31** | **22** | **6** | **3** | **66-21** | **72** |
| 2. «Чайка» | 31 | 19 | 8 | 4 | 43-13 | 65 |
| 3. «Ротор» | 31 | 19 | 7 | 5 | 59-23 | 64 |
| 4. «Кубань Холдинг» | 31 | 14 | 7 | 10 | 49-34 | 49 |
| 5. «Форте» | 31 | 12 | 12 | 7 | 42-26 | 48 |
| 6. «Биолог-Новокубанск» | 31 | 13 | 8 | 10 | 40-40 | 47 |
| ***«В» гупжьейм*** | | | | | | |
| 7. СКА | 17 | 9 | 5 | 3 | 21-12 | 32 |
| 8. «Легион» | 17 | 8 | 5 | 4 | 31-13 | 29 |
| **9. «Спартак-Налшык»** | **17** | **8** | **5** | **4** | **30-17** | **29** |
| 10. «Дружба» | 17 | 7 | 3 | 6 | 18-22 | 24 |
| 11. «Динамо» Ст. | 18 | 5 | 6 | 7 | 19-24 | 21 |
| 12. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 17 | 5 | 3 | 9 | 22-35 | 18 |
| 12. «Алания-2» | 17 | 2 | 5 | 10 | 17-35 | 11 |

***Гу зылъытапхъэ:*** «А» гупжьейм и турнир таблицэм зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ щыIа бжыгъэ псори къыщылъытащ, «В» гупжьейм хэтхэр езыхэр щызэIущIам къарикIуахэращ хагъэхьар.

# Дунейпсо чемпион

**Футболыр цIыхубэм фIыуэ ялъагъу спорт лIэужьыгъуэщ. КуэдыкIейщ абы дихьэхыр. Бжыгъэкlэ зэхуэбгъадэ хъунукъым футболыр къыхэзыхахэмрэ адрей джэгукIэхэр нэхъ зыфIэфIхэмрэ.**

МЫБЫ ехъулIэныгъэ щызиIэхэм хуащI пщIэри куэдкIэ нэхъ лъагэщ. Хуабжьу дригуфIауэ щытащ, димыгугъауэ, 2018 гъэм Урысейм и командэ къыхэхам Европэм и чемпионатым ещанэ увыпIэр къызэрыщихьамрэ 2018 гъэм дунейпсо чемпионатым ипэ ит командэ пажэу 8-м яхэхуэу ди футболистхэм «Спортым щIыхь зиIэ и мастер» цIэ лъапIэр къызэрыфIащамрэ.

Футболыр лIэужьыгъуэ зыбжанэу зэщхьэщедз. Абыхэм ящыщ зыщ командэхэр хырыхыу зэдэджэгуныр. А джэгукIэмкIэ Урысейм и командэ къыхэхам хэту ди лъэпкъэгъу УнащIэ Жантемыр Тыркум иджыблагъэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым япэ увыпIэр къыщихьащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, Украинэм щекIуэкI зауэ Iуэху хэхар зымыгъэдахэ тхыгъэ гуэрхэм ди спортсменхэм Iэ щIамыдзмэ, илъэс ныкъуэ хъуауэ, хамэ къэралхэм щекIуэкI спорт зэхьэзэхуэхэм Урысейр хагъэхьэркъым, е хагъэхьэми, ди баракъыр щаIэтыркъым, ди гимныр щагъэIуркъым. Жантемыр и гуапэу жиIэжащ Тыркум апхуэдэ зыри зэрыщымыIар, ди бэракъри зэрыщаIэтар, ди гимнри зэрыщыIуар, къызэгъэпэщакIуэхэр екIурэ ещхьу къазэрыхущытар.

ИтIанэ, ди футболистым и деж къызэрыщытщIамкIэ, гурыIуэгъуэкъым чемпионатым Германием, Инджылызым, Италием я командэхэр къыщIэмыкIуар. Псоми зэращIэщи, мы къэралхэм футболыр икъукIэ фIыуэ щалъагъу. Бельгием, Австрием, Швейцарием я спортсменхэр щыIащ.

Нэхъ игу къеуэу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ ди республикэм футболым щытрагъэкIуадэр икъукIэ зэрымащIэр. «Ди щIыпIэ командэхэми Ростов къалэм и «МетТрансТорг»-ми сыщыджэгуащи, гъунэгъуу зэбгъапщэ хъунукъым футболми езы спортсменхэми хуащI пщIэр.

УнащIэ Жантемыр футболым щиIэ зэфIэкIым гу къылъитэу Урысейм и командэ къыхэхам хэзышахэр абы и тренерхэу Смирнов зэкъуэшхэрщ. Абыхэм ди щIалэм франджыцIэу Жан къыфIащащ.

Ди щIалэм зэрыжиIэжащи, абыхэм зыри дагъуэ къыхуащIакъым икIи куэд мыщIэу Мексикэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм хэтыну мэгугъэ.

Аращи, УнащIэ Жэнтемыр и ехъулIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну дохъуэхъу.

**ШЭКЭМ Виктор.**

● Махуэгъэпс

# Мыхьэнэншэу къэлъытэгъуафIэми

**1972 гъэм мэкъуауэгъуэм и 5-м Швецием и къалащхьэ Стокгольм щызэхэтащ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи чэзу зэхуэс. Абы щытепсэлъыхьащ дыкъэзыухъуреихь дунейм къыщыхъу Iуэхугъуэ мыщхьэпэу арэзы узытехъуэнкIэ Iэмал зимыIэхэм. ЩIыуэпсым и щытыкIэм кIэлъыплъыным хуэгъэза япэ программэу (ЮНЕП) къэрал куэдыр иужькIэ арэзы зытехъуар щызэхалъхьари абы щыгъуэщ.**

АБДЕЖЫМ къыщрахьэжьэри, ООН-м хыхьэ къэрал псоми, зэман куэд дэмыкIыу, мэкъуауэгъуэм и 5-р Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и махуэу къызэдалъытащ. Ди лъэхъэнэми, зы гъэ къэмынэу, ар щагъэлъапIэ къэрали 100-м щIигъум.

ЩIыуэпсыр хъумэнымрэ и щытыкIэр егъэфIэкIуэнымрэ хуэунэтIа лэжьыгъэ щрагъэкIуэкI мы махуэм Урысей Федерацэм, 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ ар «Экологым и махуэщ».

Мэкъуауэгъуэм и 5-м, ди къэралым хабзэ зэрыщыхъуауэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм гулъытэ хэха хуэщIыным хуэгъэза Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщ: лъакъуэрыгъажэм дихьэххэм къалэ уэрамхэм къыщрагъэжыхь, курыт школхэм концертхэр, зэпеуэхэр щрагъэкIуэкI, зи гугъу тщIы Iуэхум еджакIуэхэр трагъэтхыхь, ныбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм жыгыщIэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щыхрагъасэ, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIрагъакъуэ.

Экологым и махуэр псом япэу зыгъэлъапIэр цIыхубэр арами, къэрал куэдым я политикхэми абы гулъытэ хуащI, дыкъэзыухъуреихь дунейм дыхуэсакъын зэрыхуейм жылагъуэр къыхураджэу, хузэщIагъэуIуэу...

### ГъэщIэгъуэнщ

♦Ди планетэм и атмосферэм хыхьэ хьэуам и Iыхьэ тхуанэм щIигъур Амазонкэм псыIагъэр щебэкI и мэзхэм къат.

♦Швецием и Правительствэм зэхигъэува программэр ягъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ, а хэкум зы илъэс къэмынэу, адрей къэралхэм щызэщIрагъакъуэу, кIэрыхубжьэрыхуу тонн 80-м нэблагъэ ирашалIэ. А щIыналъэм апхуэдэ «тыгъэ» нэгъуэщI хэгъэгухэм къащIыIихым щхьэусыгъуэ иIэщ: пхъэнкIий-кIэрыхубжьэрыхухэр щагъэсыжкIэ электрокъару къызэрыхагъэкIыф технологие къызэрыщагупсысарщ.

♦США-м щыпсэухэм «къащыдэхуэ» пхъэнкIийхэм я зы процентыр сабий цIынэхэм кIэлъызэрахьауэ щыхыфIадзэжа подгузникхэращ. Мыхьэнэншэу къэлъытэгъуафIэ а Iуэхум кърикIуэр аращи, ахэр щIым щыхэсеежыр илъэс 250-рэ дэкIа иужькIэщ.

♦Хы Хуэм зи фIэщыгъэ псы итыпIэ абрагъуэм ищхъэрэкIэ гъэза и Iыхьэм, псори зэхэту, километр зэбгъуэнатIэу мелуан 1,5-м нэблагъэм щоуфафэ-щоуфэразэ Азиемрэ Америкэмрэ я къэралхэм пластикым къыхэщIыкIа я кIэрыхубжьэрыхуу тонни 100-м щIигъу къэзышэчыр. Мы иужьрей Iуэхури, зэрыгурыIуэгъуэщи, икъу-икъужкIэ ухэзыгъаплъэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# ГъащIэ узыншэм хуаущий

Старэ Шэрэдж къуажэм дэт, Хьэмдэхъу Башир и цIэр зезыхьэ Агропромышленнэ колледжым и студентхэм, социальнэ педагог Къумахуэ Iэсият ящIыгъуу зыщаплъыхьащ КъБР-м щыIэ МВД-м и центрым (ЦВСНП), Хабзэм ебэкъуа ныбжьыщIэхэр пIалъэкIэ щаIыгъым. Ар къызэрагъэпэщащ Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ и инспекторхэм.

ЦВСНП-м къулыкъур щезыхьэкIхэм студентхэр щыгъуазэ ящIащ Центрым и лэжьыгъэр зэрызэтеухуамрэ я къалэнхэмрэ, къыщIэхуахэр зэраIыгъым, ахэр къызэрызэгъэпэщам.

Полицэм и лэжьакIуэхэм студентхэм гурагъэIуащ хабзэм ебэкъуам административнэ, уголовнэ жэуап зэрихьыр. Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэм колледжым щеджэхэм ягу къагъэкIыжащ цIыху зэхуэсыпIэхэм зэрызыщыIыгъыпхъэр, зыхэтхэм зэран яхуэмыхъун, я хуитыныгъэр къызэпамыудын папщIэ. Апхуэдэуи студентхэм къащIащ Центрым щаIыгъхэм хуамыдэхэр.

Полицэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ купщIафIэу икIи гъэщIэгъуэну зэрызрагъэплъыхьам папщIэ, къыхагъэщащ гъащIэ гъуэгу тэмэм, дерс къыхахынымкIэ ар щхьэпэ къазэрыхуэхъунур.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

# Илъэситху къыпоплъэ

● УФСБ-м къет

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экстремизмэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ республикэм щыпсэу, илъэс 44-рэ хъум зэрихьэ щIэпхъаджагъэр. Абы социальнэ сетхэм я зым ирилъхьэрт экстремист хьэгъэщагъэ лэжьыным къыхуезыджэ тхыгъэхэр.

Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и Следственнэ IэнатIэм абы ехьэлIа Iуэху къиIэтащ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 280-м статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ. Ар илъэси 5-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

# Сабиигъуэ - дыгъэ-щыгъэ!

**Гъэмахуэмрэ сабиймрэ зокIу! Гъэмахуэм иIэщ дыгъэ, уафэ къабзэ, лэгъупыкъу, удз гъэгъа дахэхэр, псыIэрышэ Iущацэ, сабийм иIэщ псэ къабзэ. Гъэмахуэм и хуабэм щогуфIыкI цIыкIухэр.**

САБИЙХЭМ къащхьэщыжыным и махуэр Щхьэлыкъуэ дэт сабий сад №2-м и гъэсэн цIыкIухэм ягъэлъэпIащ. Ахэр дунейм и щIэрэщIэгъуэм пежьащ гуфIэу. Сабиигъуэм, гъэмахуэм, дыгъэм теухуа уэрэд нэжэгужэхэр жаIащ, къэфащ, къуажэхьэхэмкIи зэпеуащ. Къапщытэжащ гъэсакIуэхэр къазыхуеджа таурыхъхэр, къащIэжащ абыхэм хэт лIыхъужьхэм я цIэхэр. Уеблэмэ щэхуэнымрэ ахъшэ зэгъэзэхуэнымрэ зэрыхащIыкIIари ягъэлъэгъуащ – джэгукIэ гъэщIэгъуэн ирагъэкIуэкIащ щхьэж къищэхуну зэхъуапсэмрэ абы и уасэмрэ щызэпэлъытауэ, къыдэбгъэхуэнIауи Iэмал уиIэу. «Ауэ, цIыкIухэ, щыIэщ ахъшэкIэ къэпщэху мыхъухэри. Сыт ахэр зищIысыр?» - жиIэу гъэсакIуэр щыщIэупщIэм, сабийхэм къэрабжэкIахэм уигъэгуфIэрт: уафэр, дыгъэр, адэ-анэр, узыншагъэр, цIыхур, гур.

ЦIыкIухэм псы щIакIащ, ягъэщэбащ, кIэлъыплъащ пщIантIэм дэт удз гъэгъахэм. Абыхэм я лIэужьыгъуэхэр къэрабжэкIащ, щхьэж и хьэл, и плъыфэ, и хэхъуэкIэ зэраIэри жаIащ. Розэм, шынэшынэм, тюльпаным, тхьэгъуцIацIэм, бжэнлъакъуэм, нэгъуэщI удз гъэгъа лIэужьыгъуэхэми я сурэтхэр яIэти, гъэгъахэр губгъуэм къыщыкI унэм щагъэкI елъытауэ зэхагъэщхьэхукIащ.

ЦIыкIугъафIэ Iуэхум и кIэухыу, утыкум кърахьащ пхъуантэ цIыкIу. «Мыр пхъуантэ телъыджэ цIыкIущ. КъызэIуфхмэ, нэхъ сабий губзыгъэ дыдэм, нэхъ гуапэ дыдэм и теплъэр къигъэлъэгъуэнущ», - жиIащ гъэсакIуэм. Сабийхэр гъуэрыгъуэурэ пхъуантэ цIыкIум дэплъэрти, я гур къигуфIыкIыу ар зэтрапIэжырт – пхъуантэм дэлът езы цIыкIухэр къызэрыщ гъуджэр.

**НАФIЭДЗ Данэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.683
Заказыр №1181
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Щомахуэ Мариannэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.